85 ТхакIуэ, журналист, драматург — Дэбагъуэ Мухьэмэд

УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм
жэпуэгъуэм (октябрым)
и 12 лъандэрэ къыдокI

Черкес хэку

№76
(14133)

2026 гъэ, жэпуэгъуэм (октябрым) и 10, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЩIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Дэбагъуэ Мухьэмэд и фэеплъу

АБДОКЪУЭ Маталио

Уэрыншэу щIылъэр къызокIухь...

Ныбжьэгъур
лъэужьыншэу кIуэдкъым,
Ар гукъэкIыжхэм хэпсыхьащ.
Игъуэ нэмысу ущытхэкIми,
Къэбгъэзэжыну си гугъащ –
Гъуэгуанэм дызэдытеувэу,
Иджыри зэ дрикIуэжынт,
Ныбжьэгъухэр гуапэурэ дгъэгуфIэу,
ФIэхъус сэламри ятхыжынт.
АрщхьэкIэ, гъащIэм къигъэзэжкъым,
Уэрыншэу щIылъэр къызокIухь.

Жэщитхуи хъуауэ гугъэзэжым
Къысхуехьыр уи фэеплъу пщIыхь:
Аргуэру гъэхэм дыпхырокIыр,
Ди бдзэжьеящи блэдмыгъэкI,
Уи дыхьэшх макъри гум пхырокIри,
Уи фэеплъ дахэр си гум къокIри,
БжьыхьэкIэ дыгъэу къызоплъэкI...
Пщэдджыжьым сокIуэри уэрамым,
Язот тхьэмыщкIэм ахъшэ пхъэр,
КъыскIэлъыщIыхьэ гукъэкIыжхэм
ЯхуэсщIу фэеплъ сэдэкъэр...

АБЫТIЭ Владимир

ИкъаркIэ лъэпкъым бгъэдэташ

Езыр зэхэлъкъэ гуэныхь защIэу
Дэ дызытет мы дуней нэпцIыр?
Хэт сыт лъысами дапщэ гъащIэу,
А тщIэж ажалым деулъэпцIыр.
ЖывоIэ ноби ефэндыхэм
Гуэныхь зимыIэ цIыху къамылъхуу,
Псапэ хьисэпу дгуэшхэм, ттыхэм
Ди жэнэтыбжэр къытхуIуахыу...
АтIэ, а жыфIэ псори пэжмэ,
Хэт ажалыжьыр щIэинатыр,
Псэ къабзэ зиIэм емыижмэ,
Сыт пасэу джатэр щIыхуиIэтыр?
Ар блоIэбыкIыр цIыху щыкIахэм,
ЛIыукI, дыгъуакIуэхэм, ерухэм,—
ЦIыхугъэ зи гум къэмыкIахэм,
ПцIым къыхуалъхуауэ хъыбар шухэм.
Ар блоIэбыкIыр фыгъуэнэдхэм,
Зи нэдыр фыгъуэкIэ зыкъуахэм,
Бзаджагъэм щхьэкIэ Iэ зыIэтхэм,
Зи мыIуэху мыгъуэ ехъулIахэм.
Ажалыр къопхъуэ ди ныбжьэгъум,
Ди гур хигъахъуэу къытхэтами,

Ар хагъэнакъэ Тхьэ гущIэгъум,
ФIы щыIэу Iей имылэжьами.
УгуэныхьыншэщI хэткIи, сощIэ,
Сэлам зэтхыжу, си ныбжьэгъу,
Хьэуар щыхьэту къыттолъащIэ,
Тщхьэщихыу хэти и ижэгъу...
Узыншэщ гъуамэр. Къегъэвэжыр,
Дызэрыщыгъуэм щогуфIыкI,
Ей, Алыхь дыщэ, а уи пэжыр
ДэркIэ сту гуауэу къыщIэукIт!
Зы лъэIу пхузиIэщ лъапIэу лъагэм:
Гуэныхьхэр дунейм щегъэпшын,—
Псэ къабзэм хуэщIи гъащIэр дахэ,
Ахърэт жэнэтхэми хомын.
Армырамэ сфIощIыр Мухьэмэду
Бегъымбар иныр лIэхэм дэлIэу,
Жьыми, щIэми-щIэтлъхьэр и Iумэту,
Езыр хьэдрыхэ къащыпэплъэу.
Къыпежьэ нэфIкIэ уи цIэджэгъум,
Жэнэтыр абы къилэжьащ.
И цIэр уахътыншэщ дызхуэщыгъуэм
ИкъаркIэ лъэпкъым бгъэдэташ.

Си адэкъуэшым деж

Лъэпкъыр дыгушхуэу,
ухэтIэтыкIыу
Адэкъуэш лъапIэу укъытхэташ.
Гу пщыдмыхуауэ дэ утIэщIэкIри
Тхьэшхуэм, къэсати, уэ уищтэжащ.

Утхэмытыжми, адэкъуэш лъапIэ,
ПсэкIэ, гурылъкIэ псоми утщIыгъущ.
Удичэнджэщу, укъыдбгъэдэту
Дэтхэнэ зыми удиIэпэгъущ.

Узэрыгуапэр, узэрыщабэр,
Нобэр къыздэсым ди гукъэкIыжщ.
ДыщызэхыхьэкIэ, адэкъуэш лъапIэ,
УзэрытщыщIэр гум имыкIыжщ.

Уи къуажэгъу псори пхуэарэзыщ.
Адыгэ лъэпкъым удикъудамэщ!
Псоми IэфIыгъэр ягу пхуэщызщ.

ГъащIэм къыщохъур
гуфIэгъуэ куэди,
Тхьэм иухауэ, куэдщ псэр щиштэж.
Сыт къэмыхъуами, адэкъуэш дыщэ,
Уигу илъа псоми дэ дыхуэпэжщ.

СощIэ, ди лIахэр уэ богъэгуфIэ,
Хьэрш унэ лъапIэр псэупIэ пэжщ.
Дэ, къыбдалъхуахэм,
ди гур пхуощыгъуэ,
Тхьэм напэ къабзэкIэ дыпIуигъэщIэж.

Уи цIэр зэрехьэ Жьакуэ уэрамым.

БОРЭНЫКЪУЭ Зулетэ

Гупсысэ къабзэм и псынащхьэ

Ди адыгэ тхакIуэ, драматург ДЭБАГЪУЭ Мухьэмэд Къалэбэч и къуэм и гъащIэ псор журналист лэжьыгъэм триухуащ. Абы и ныбжьым ит куэдым яхуэдэ къабзэу, япэ щIыкIэ ар пэрыуващ журналист IэнатIэм икIи и къалэмыпэр абы хущIилъыкIмэ хузэфIэкIынумкIэ зигъэунэхужурэ, япэ щIыкIэ и псалъэ щыжиIащ ди художественнэ драматургием. ХъуэхъуфIу, фIыщIэу щыIэр хуэфащэщ ди республикэм ис адыгэхэм я драматургием и лъапсэр гъэтIылъынымкIэ гуащIэшхуэ къызэрыкъуэкIам щхьэкIэ. Апхуэдэ къабзэу, и къалэмымкIэ ар зыщымысхьыжу хуэлэжьащ ди лъэпкъ театрыр къызэгъэпэщауэ ар и лъэ илъэс бжыгъэкIэ тегъэувэным.

А щIыкIэм тету, къыгуэхыпIэ имыIэу, абы и творчествэр епхащ 1970 гъэхэм къызэрагъэпэща, зыкъэзыгъэлъэгъуа лъэпкъ театрым лъэтеувэ махуэ хуэщIыным. Езым и пьесэхэр зэхуэхьэсауэ къыздыдигъэкIа и тхылъхэм ящыщ зым фIищащ «ФIы зыщIэ щIегъуэжкъым» цIэр икIи езыри зы махуэ хущIегъуэжакъым пьесэ, спектакль хъарзынэхэмкIэ къыпэплъэ цIыхухэм гугъу зэрызахуригъэхьамрэ къимыгъэлалэу и Iуэху зэрилъагъужамрэ. Зэуэ гу зылъыптэнур аращи, абы и щIэщыгъуэ зэи хуикIакъым и псалъэм и къарур сценэм нэIурыт, лъэщ зэрищI бгъэдыхьэкIэхэмрэ Iэмалхэмрэ къэхутэным, къэгъуэтыным, и псалъэр зыIурилъхьэ цIыхухэм я шыфэлIыфэр гум къинэжу къэгъэщIыным. Сыт щыгъуи дахэу зыхуигъэлажьэт лъэпкъым и дунейр зэрыщыту къыздекIуэкI IуэрыIуатэр, адыгэ усэ гъэпсыкIэмрэ пшыналъэхэмрэ.

Мы жысIэхэм щыхьэт наIуэ къыхуохъу драматургым и къалэмыпэ илъэс зэхуэмыдэхэм къыщIэкIа «Иныжьым и нэр», «ГъущIыпсэ хахуэ», «Сосрыкъуэ», нэгъуэщI фIэщыгъэцIэ екIухэр зыгъуэтахэр.

Зи цIэ исIуа таурыхъ-пьесэхэм ущыщIэджыкIкIэ, зэуэ зыхыбощIэ ахэр цIыхубэ IуэрыIуатэм и поэтикэм быдэу зэрепхыжар. Дэбагъуэм ди нэгу щIигъэкI и лIыхъужьхэр сыт щыгъуи хуэхьэзырщ захуагъэм, цIыхугъэ нэсым, фIылъагъуныгъэм щхьэузыхь зыхуащIыным икIи абы и драмэ зэныкъуэкъуныгъэзэфIэнэныгъэхэр хуэунэтIащ хейр залымыгъэм и гущIыIу гъэкIуэным, фIыгъэр бзаджагъэм тегъэкIуэным.

Ижь лъандэрэ ди адыгэ лъэпкъыр зыщIэхъуэпс псэукIэм, дахагъэм, хеягъэм узэрыхущIэкъун хуей щIыкIэ нэхъыфIхэр и тхыгъэхэм деж абы щрепхыжыр нобэрей ди гъащIэмрэ абы къыхалъхуа цIыхущIэхэм я зэхущытыкIэхэмрэ. Сыт щыгъуэ лъэхъэни ди лъэпкъым къыдекIуэкI нэмысымрэ кIухьэнымрэ езым и IэдакъэщIэкIхэми гъуэгуэгъу яхуэщIынрат Мухьэмэд и гуращэ нэхъыщхьэу щытар. Ар хуейт дэ дыкъызытекIыжа нэхъыжьыфIу пасэрей зэман жыжьэм псэуахэм я макъ лъэщыр, я гупсысэкIэр нобэрей ди щIэблэм зэхригъэхыну, а нэхъыжьхэм къадэгъуэгурыкIуа хабзэ нэхъыфIхэр къигъэщIэрэщIэжу яхилъхьэжыну, а щIыкIэм тету, хэти ди дунейр нэхъ нэху, нэхъ дахэ къытхуищIыну. ХьэкъыпIэкIэ, тыншкъым блэкIа тхыдэм и нэщыпхъуэм упхыплъу къэзымыгъэзэжыну дунеижьым ухэплъэжыну.

ИтIани езым зыхуейр къелъагъури и зэманым ирегъэкIу драматургым, арэзы уещI залымыгъэм зэрыпэщIэтымкIэ.

Мис апхуэдэу куэдым уригъэгупсысыну Дэбагъуэм иIэщ драмэхэр, къапщтэмэ, «Анэр нэм хуэдэщ» зыфIищар. ЦIыхум нэгъуэщIхэми езым и щхьэми хуищIыжын хуей пщIэмрэ абы и мардэмрэ якIэрелъхьэ, ядыуегъэлъагъу драматургым и лIыхъужьхэм икIи еплъхэм зыхрегъащIэ «Хэку», «Анэ», псалъэхэм я мыхьэнэр зыхъуэжынур, зыгъэпудынур нэжэс закъуэтIакъуэхэу щхьэлъэфIейуэ дэ къытхэтхэр зэрыарар. Хэти дигу къегъэкIыжыр «Напэ нэхърэ кIапэ» жезыгъэIэ цIыху пхэнжхэм я адыгагъэр зэрыкIагуэ дыдэр, апхуэдэхэр гъуэгуэгъу пщIыкIэ жыжьэ узэрынэмысынур.

Дэбагъуэм и философием и къарур тIууащIэ, хэти къыгурыIуэ къыхуэзыщIу щытари мис апхуэдэ еплъыкIэхэмрэ бгъэдыхьэкIэхэмрэт. Хэт сымэ абы утыкум къришэ цIыхухэр? Я дуней тетыкIэр, яхэлъ хьэл-щэнхэр зыгуэркIэ къащхьэпэну пIэрэ? Мис ахэращ Дэбагъуэр зэгупсысар, спектаклышхуэу бгъэув хъун е акт закъуэу зэхэлъ пьесэ, теплъэгъуэ къызэрыкIуэ ирехъу, къалэмыр къиштэу сценэм щыхуэлажьэкIэ. Езым нэхърэ нэхъыщIэ драматургхэр и чэнджэщхэмкIэ мычэму зыхуиущийри ардыдэхэрат. Ауэ езым къигъэщI пьесэхэм я закъуэкIэкъым ар ди театрым зэрыщхьэпар.

1972 гъэм Ленинград деж театр институтыр къэзуха ди ныбжьыщIэхэм къагъэзэжу Къэрэшей-Черкесым деж япэ дыдэу лъэпкъ труппэхэр щызэхашэм зэуэ ялъыкъуэуващ икIи ди тхакIуэ нэхъыжьхэм ящыщ Уэхъутэ Абдулыхь и повесть «Асият и мывэм» къытрищIыкIри пьесэ къызэфIигъэкIащ. Апхуэдэ фIэщыгъэцIэр зиIэ спектаклым актер ныбжьыщIэхэр апхуэдизкIэ егугъуу щыджэгуати, еплъхэм я нэпсыр къыщIэкIащ динырылажьэ щхьэхуещэ залымхэм я ягъэкIэ Асият — адыгэ хъыджэбз тхьэмыщкIэ цIыкIум гуауэмрэ щIэщхъумрэ къызэрытепсыхар, хьэкъи лажьи зимыIэр зэщIагъэплъа и къуажэгъухэм мывэ гъущэкIэ зэраукIыр я нэгу щыщIэкIым.

Дэбагъуэм езым и ныбжьэгъуу, и гъащIэ псом режиссеру иIа Абдокъуэ Маталио и гъусэу, спектаклхэр къыщагъэщIкIэ набдзэгубдзаплъэу пкъырыплъыхьыжурэ къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэмкIэ дагъэлъэгъуащ ди цIыхухэр зыхуэза гъащIэ къэгъэшыпIэ, уеблэмэ псэ зэпылъыпIэ хьэлъэхэр. Апхуэдэу «IэлъэщI плъыжь» драмэр траухуауэ щытащ коллективизацэр адыгэхэм я псэукIэм къызэрыхыхьам. Хъарзынэ дыдэу дыIуагъэплъэжащ кол-хозыщIэм и япэ председателу хаха адыгэ бзылъхугъэм и сурэтым, зыхыдагъэщIащ зыхэт гурыгъугурыщIэхэр. А щIыкIэмкIэ драгъэгупсысыжащ ди тхыдэм, ди блэкIам, ди къэкIуэнур зэрыхъункIэ хъунум.

Сыт хуэдэ нэщIэбжьэ хэмыхуами, цIыху нэсыр цIыхуу къэнэжын хуейщ. Уи жагъуэ зэрыхъущи, напэтех, нэмыукIытэ, епцIыжакIуэ нэжэс къыщытхэкI къэхъуми. Мис а псори IупщIу ди пащхьэ къригъэувэкIэрэ, «ЕпцIыжакIуэм и анэ» пьесэм деж Дэбагъуэм екIуу зэфIигъэуващ зи пщIэрэ зи кIухьэнрэ щхьэкIэ ажалми щымыдзыхэ, щымышынэ адыгэ бзылъхугъэм и образыр. Фашистхэр ди лъахэм къибэнауэ мылъкур зэрапхъуэт, лажьэ зимыIэхэр яукIт, залымыгъэрэ хьэщхьэрыIуагъэрэ кIэлъызэрахьэт. Бзылъхугъэм егъэпщкIур кIуапIи-жапIи зимыIэжу гузэвэгъуэм кърихулIа урыс партизан щIалэр. Ауэ езым и къуэ дыдэр къумалт-епцIыжакIуэти, я унэм щагъэпщкIуа щIалэм щхьэкIэ нэмыцэхэм бзэгу яхуехьри ярегъэубыд. Ар хуэшэчакъым адыгэ хабзэм — хьэщIэр хэт щыщми хъумэным щIапIыкIа фызым. Зэрагъэсар арати, и напэншагъэм щхьэкIэ и IэкIэ иукIыжащ и бынжэ кIапэ къыпыкIа и къуэ дыдэр... Дэбагъуэ Мухьэмэд и пьесэхэр къыщигъэщIкIэ къигъэсэбэпыр езым и адыгэ лъэпкъым къыхэкIа тхакIуэхэм я деж къыщыувыIэтэкъым. Театрым адыгэбзэкIэ еплъхэр нэIуасэ хуищI зэпытт нэгъуэщIхэми. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, абазэ тхакIуэ ТхьэйцIыху Бемырзэ и роман «ЩIы IэмыщIэм» къытрищIыкIри, а цIэ дыдэр иIэу, итхащ пьесэ икIи ар ди театрым гъэщIэгъуэну щагъэувыжащ. Абдежми ди нэгу щыщIигъэкIыжащ епщIыкIубгъуанэ лIыщIыгъуэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и зэранкIэ хамэщIым — КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къыщыхута бгырысхэм я хэхэс гъащIэр къазэрытехьэлъэр, хэт дэнэкIэ щымыIэми адэ ХэкужьымкIэ я гур къызэреIэр, къагъэзэжыным я гугъэ зэрыха хыжыр... Зи лъэпкърэ зи щхьэрэ фIыуэ зымылъагъужу узыхуэзэнур мащIэ дыдэщ. Дэбагъуэ Мухьэмэд иригушхуэт ди адыгэ хабзэм, нэмысым, ди лъэпкъ тхыдэм. А псоми япха хъыбархэр, тхылъхэр къыщигъэсэбэпт и тхыгъэхэми.

3

ДЭБАГЪУЭ Мухьэмэд (1941 -2003) къыщалъхуа Жьакуэ къуажэм (нэхъ пасэм Къубатейуэ, 1865 - 1927 гъэхэм Алъэсчырейуэ щыта жылэр 1822 гъэм Къэбэрдейм икIыу Инжыдж псыхъуэ Iэпхъуахэм ящыщщ) и мызакъуэу, Къэрэшей-Черкес, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм фIыуэ къыщацIыху журналист, тхакIуэ, драматург гъуэзэджэу щытащ. Мухьэмэд илъэс куэдкIэ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ. И гуащIэдэкI инымрэ и зэчий лъагэмрэ хуэфащэу Дэбагъуэм къыфIащат «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъЧР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэхэр.

ЛъэужьыфI къэзыгъэна

Ноби Мухьэмэд и тхыгъэхэм ящыщ хэтщ курыт еджапIэхэм я программэм, и пьесэхэр щагъэув черкес къэрал драмэ театрым. Лъэужь щхьэпэ къыхинащ Мухьэмэд ди гъащIэм. Дэбагъуэм илэжьа Iуэхушхуэхэм я мызакъуэу, ар ди гум IэфIу къизыгъэнар цIыхуфIу, и лъэпкъыр фIыуэ илъагъуу, цIыхугъэм, ныбжьэгъугъэм хуэпэжу зэрыщытаращ. ЗэфIэкI ин зиIэ псоми къайхъулIэкъым цIыхуфIу дунейм тетын къалэныр.

Мухьэмэд си къуажэгъу къудейтэкъым, атIэ си ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэхэм ящыщт, уеблэмэ япэ классым щыщIэдзауэ илъэсиблкIэ зы партэм дыдэсащ абырэ сэрэ. Ди сабиигъуэр зауэ нэужь зэман хьэлъэм техуат. Апхуэдэ зэман хьэлъэм зэныбжьэгъу къудейуэ укъигъанэкъым — гугъуехьым зэкъуэш дищIат. Илъэс куэд дыдэ дэкIами, нобэ Дэбагъуэ унэцIэр зезыхьэ Шэрджэсым е Къэбэрдейм сащыхуэзэмэ, си Iыхьлы дыдэ слъэгъуауэ къысщохъу, Мухьэмэд и фэ изоплъри.

Дэбагъуэ Мухьэмэд теухуауэ гукъэкIыж Iэджи щызэрызохьэ си щхьэм, псалъэ гуапэ куэди телъщ си бзэгупэм, ауэ нэхъ игъуэу къыщIэкIынщ мы тхыгъэм а цIыху гъуэзэджэм лъэпкъым, къыщалъхуа къуажэм, адыгэ псоми яхуилэжьа Iуэху хэхахэм сыщытепсэлъыхьмэ. ЛIы губзыгъэ гуэрым мыпхуэдэу жиIащ: «УсакIуэр, тхакIуэр къэпцIыхуну ухуеймэ, кIуэ ар къыщалъхуа лъахэм». Мухьэмэд къыщалъхуа Жьакуэ къуажэр Инжыдж и Iуфэ ижьым Iусщ. Къуажэм и тIысыпIэр куэдрэ ихъуэжащ.

Иджы здэщысым 1891 гъэм къэIэпхъуащ. Къуажэпщу щыта Алъэсчыр Исхьэкъ псым и ижьырабгъур къыщыхихым жиIат: «Сэ сыхуейкъым ди бзылъхугъэхэм Iэ сэмэгукIэ псы кърагъахъуэу псэуну». Ди къуажэкIэм пэгъунэгъуу Инжыдж и адрей сэмэгумкIэ къэтIыса Хьэгъундыкъуей (Али-Бэрдыкъуэ) жылэм я цIыхубзхэм нобэр къыздэсым Iэ сэмэгукIэ псы кърагъахъуэ. Алъэсчырым и закъуэкъым гушыIэ зыхэлъу къекIуэкIыр.

Жьакуэ щыпсэу дэтхэнэми гушыIэ дахэ яхэлъщ. Ди къуажэм «Адыгэ Габрово» фIащами щыуэнтэкъым. Сыт и уасэт мы къуажэм къыдэкIа артист цIэрыIуэ Акъ Мухьэрбэч и гушыIэкIэр! Жьакуэр къуажэ цIыкIущ (цIыху 1800-рэ хуэдиз нобэ щопсэу), ауэ мыбы цIыху цIэрыIуэ куэд къыдэкIащ. Апхуэдэхэщ артистхэу Акъ Мухьэрбэч, уэрэджыIэ Гъуэт Хъусин (УФ-м и цIыхубэ артистщ), щIэныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ докторхэр, кандидатхэр, къэрал псом къыщацIыху спортсменхэр, тхакIуэхэр, журналистхэр. Абыхэм яхэтщ и къуажэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа Дэбагъуэ Мухьэмэди. Абы и жылэр зыми химылъхьэу фIы дыдэу илъагъут, и къуажэгъухэм я гуфIэгъуи я гуауи ядигуэшт. Дэбагъуэ Мухьэмэд илэжьа Iуэхухэм я гугъу пщIымэ, япэ изгъэщынт адыгэ газетым тригъэкIуэда и гуащIэшхуэр.

1965 гъэм щыщIэдзауэ дунейм ехыжыху ар щылэжьащ нобэ «Черкес хэку» зи цIэ газетым и корреспонденту, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу, илъэс куэдкIэ абы и редактор нэхъыщхьэу. Дигу къэдгъэкIыжынщи, адыгэ газетхэм я напэкIуэцIхэращ ди литературэр къыщежьар, псом хуэмыдэу 1920-1940 гъэхэм. Абы къыкIэлъыкIуа лъэхъэнэми газетхэм я мыхьэнэр нэхъ лъахъшэ хъуауэ пхужыIэнукъым адыгэ литературэм ехьэлIауэ.

Дэбагъуэм абы лэжьэн щыщIимыдзэ щIыкIэ итха усэхэри япэу къызытехуар а газетращ. Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм я адыгэ газетым и мыхьэнэр зэрыиным теухуауэ зы щапхъэ. 1920 гъэхэм щыщIэдзауэ «Черкес хэку» газетым (цIэ зыбжанэ зэрихъуэкIащ ипэкIэ) нэхъыбэу щылэжьар, редактор нэхъыщхьэхэри хэту, Хьэгъундыкъуейрэ Жьакуэрэ къыдэкIахэращ. Арагъэнщ мыбыхэм, псом хуэмыдэу хьэгъундыкъуейдэсхэм усакIуэ, тхакIуэ куэд къащIыхэкIар.

Псалъэм папщIэ, мы къуажэм усакIуэ тIощIым нэс къыдэкIащ, абыхэм ящыщщ: Бемырзэ Мухьэдин, Нэхущ Мухьэмэд, Пхъэш МуIэед, Анзор Мухьэмэд, Хьэгъундокъуэ Рэмэзан, Шорэхэ Хьэсинрэ Ахьмэдрэ, Тхьэгъэпсэу Увжыкъуэ, АбытIэ Хъызыр, Иуан Щамел, АбытIэ Владимир сымэ. Мы къуажэм «Шэрджэс усыгъэм и Мэчэ-Мадинэ фIэсщащ» жысIэу тхыгъэ гуэрым къыщызгъэлъэгъуащ. ИужькIэ сыгушыIэу жысIэгъащ: «Фи къуажэм щыщ апхуэдиз цIыхур усэным дезыгъэхьэхар махуэ къэс фызыIуплъэ Жьакуэм и теплъэ дахэращ» (Али-Бэрдыкъуэ къуажэм и пащхьэм итщ си адэшхуэм и адэ БакIуу Алий и цIэр зезыхьэ «БакIулий» мэзымрэ бгы екIуэкIымрэ).

ГушыIэ хэмыту жыпIэмэ, литературэм Жьакуэ, Али-Бэрдыкъуэ, Хьэбэз къуажэм дэсхэр хэша щIэхъуар адыгэ газетымрэ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэмрэ я фIыгъэщ. ИужьреймкIэ Али-Бэрдыкъуэр япэ итауэ къыщIэкIынщ. Илъэс куэд и пэкIэ къыщIадзауэ адыгэ газетхэм усакIуэхэм, тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр традзэ. Мухьэмэд щылэжьа илъэсхэми «Литературэ напэ» газетхэм хухахыу щытащ. Ар жыджэру хэтащ Адыгэ Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Черкесым зэгъусэу къыдагъэкIыу щIадза номер зэгуэтхэм. Ноби республикищым я адыгэ газетхэм ар хабзэфIу къадогъуэгурыкIуэ. Дунейм тепхъауэ псэу ди лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ адыгэхэр зэпызыщIэ мы Iуэхум.

Адыгэ газетым щылажьэурэ, Дэбагъуэ Мухьэмэд иубзыхуащ и тхакIуэ хъэтIыр, игъэIурыщIащ литературэм и жанр зэхуэмыдэхэр. Псом хуэмыдэу абы къехъулIэт очерк жанрыр. Совет лъэхъэнэм очеркым мыхьэнэшхуэ хуащIт, абыкIэ ягъэлъапIэт зи гуащIэдэкIыр лъагэ цIыхухэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ прессэр, псом хуэмыдэу телевиденэр, гуащIэдэкI лэжьакIуэм зэрытепсэлъыхьыр мащIэ дыдэщ, къебэкI хъуащ зэштегъэур, бзаджащIэхэм ятеухуа темэхэр, цIыхум и гур изыуд мыхъумыщIагъэхэр къэгъэлъэгъуэныр. Журналист Iэзэ Дэбагъуэм и очеркхэм къакIэлъыкIуэт рассказхэр, повестхэр, гушыIэ миниатюрэхэр.

Газетхэм, журналхэм къытехуэ и тхыгъэхэм къакIэлъыкIуащ тхылъ щхьэхуэхэри. Дэбагъуэ Мухьэмэд «ЩIыгур зыгъэщIэращIэ» и япэ тхылъыр 1972 гъэм Черкесск къыщыдигъэкIащ. Мыбыи «Псынэдахэ и бжьыхьэм» и етIуанэ тхылъми прозэр щытепщэщ. Иужьрейм итщ тхылъым фIэщыгъэцIэ хуэхъуа повестымрэ рассказ пщыкIузрэ. Гу лъумытэну Iэмал иIэкъым тхакIуэм и рассказхэм гушыIэ куэд зэрыхэтым. ГушыIэ защIэ зи лъабжьэ рассказ цIыкIу, «миниатюрэ» зыфIищахэр щхьэхуэуи итщ «ФIы зыщIэр щIегъуэжкъым» зиIэу 1991 гъэм къыдигъэкIам.

Иджыри зы гъэщIэгъуэн хэтщ Дэбагъуэм и очеркхэмрэ рассказхэмрэ. Мыбы убгъуауэ къыщыгъэсэбэпащ диалогхэр. Абыхэм къагъэлъагъуэ тхакIуэр драматургием пасэу дихьэхыу зэрыщытар. Зы Iуэхугъуэм къытеувыIапхъэщ адыгэ театрым теухуауэ. А гупыр иджыри еджэу абы хэтхэм ягъэхьэзыру щIадзат КъардэнгъущI Зырамыку (езы Зырамыкуи абы щыгъуэм студентт) и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» пьесэр. Абыхэм щIэныгъэ куу ягъуэтат, Iэзагъэ ин зыIэрагъэхьати, уеблэмэ хамэ къэрал классикхэм я пьесэхэр ягъэувт. 1940 гъэм Бомарше и «Фигаро и фызышэ» комедиер фIы дыдэу щагъэуват къэбэрдей театрым. Черкесск деж адыгэ театр къыщызэIуахым, артист ягъэхьэзырахэр зыхуей пьесэхэр мащIэ дыдэт. Мис абдеж и зэфIэкIыр къызыкъуихыу щIидзащ драматург Дэбагъуэ Мухьэмэд. Ар езыри нэхъыбэу къызэрацIыхур драматургыущ, ауэ я фIагъкIэ абы и пьесэхэм зыкIи къыкIэрыхукъым и рассказхэри.

И рассказхэм я сюжетыр «журналист нэ жанкIэ» Дэбагъуэм къыщигъуэтт ди зэманым щекIуэкI гъащIэм. БлэкIакъым тхакIуэр ди сабиигъуэр гуфIэгъуэншэ зыщIа зауэ темэми. А темэр Мухьэмэд зы теплъэгъуэ гукъэкIыж фащэу «хиухуэнащ» «Псынэдахэ и бжьыхьэр» повестым (абы къыщыгъэлъэгъуэжа пычыгъуэр хыхьащ еханэ классым я учебникым). Повестым къыщыгъэлъэгъуащ совет зэманым щыIа зэхэтыкIэр, псэ хьэлэлкIэ жылагъуэм хуэлажьэ цIыхухэр. Мыбдеж тхакIуэм къигъэсэбэпащ зауэ зэманым адыгэхэм Ленинград кърашэ сабийхэр зэрахъумам, зэрапIам щыщ Iуэхугъуэхэри. Мы повестми рассказ куэдми Дэбагъуэм «щигъэлэжьат» сюжет щIэщыгъуэхэр, сэтей къиищIт узыIэпызышэ Iуэху екIуэкIахэр.

Псоми зэращIэщи, тхакIуэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу къабж зэманыр, зыхэпсэукI лъэхъэнэр пэжу къэгъэлъэгъуэныр; абы и нэщэнэхэр фIэщхъуныгъэ хэлъу тхылъеджэм и пащхьэм илъхьэныр мыхьэнэшхуэ зиIэщ.

Драматургиемрэ прозэмрэ и гуащIэр нэхъыбэу хилъхьами, Дэбагъуэр усэнми хуэмыармууэ щытакъым. Мухьэмэд и усэ зыбжанэм макъамэ щIалъхьэри, уэрэд хъарзынэ хъуахэщ. Апхуэдэщ Хьэбэч Умар теухуа уэрэдыр, «Ар лъагъуныгъэщ», «Си дахэр», «Си дунейр къысхуэгъэнэху», «Сытым щыгъуэ сыкъэпщIэну?», нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэу езы Мухьэмэди уэрэд уэрэд жIыIэныр фIэфIт.

Ари Дэбагъуэр хэкупсэу, и лъэпкъыр фIыуэ илъагъуу зэрыщытам и щапхъэщ. Сэ хуабжьу сигу ирохь адыгэхэр жыг хадэм убгъуауэ елэжьу щыщыта зэманхэм къэхъуа, ауэ нобэ ящыгъупщэжа зы хабзэ дахэ. Iуэхушхуэ зылэжьа, цIыхугъэ ин къызыкъуэкIа, лIыгъэ зезыхьа цIыхухэм фIыщIэ жыг хухасэт. Хабзэр щымыIэжми, жыIэгъуэ дахэр къэнащ, ар яхужысIащ IутIыж Бориси ЦIыпIынэ Аслъэни. ФIыщIэ жыг хуэфащэщ Дэбагъуэ Мухьэмэди. ЦIыхур зыгъэдахэр и гуащIэдэкIращ, адыгагъэу хэлъращ. А псомкIи щIыхуэ къытенакъым Дэбагъуэ Мухьэмэд. Ар къыхэкIащ Дэбагъуэ Къалэбэч и бынунагъуэшхуэм.

Апхуэдэ унагъуэшхуэхэм деж сабийхэм щыгъыныр, шхыныр къаймэщIэкIами (псом хуэмыдэу зауэ нэужь зэман хьэлъэм), я псэкIэ, цIыхугъэкIэ, зыIыгъыкIэкIэ, цIыху хэтыкIэкIэ зэгъ хъу хабзэщ. Хьэл хъарзынэ яIэу къэхъуащ Мухьэмэди къыдалъхуахэри. ЗэрыцIыкIу лъандэрэ ар фIыуэ еджащ, студенту щыщыта зэманым щыщIидзэри спортым дихьэхыу, усэ итхыу щытащ. ГушыIэшхуэ хэлъът, жьы щIэтт, ныбжьэгъу пэжт, нэжэгужэу, гуапэу псоми япежьэт. Ар фIыуэ зыцIыхуу щытахэм, шэч хэмылъу, ягу къинэжащ абы и уэрэд жыIэкIэ дахэр, екIуу къафэу утыкум бжьыфIэу зэриту щытар.

Нобэ псэужамэ, Дэбагъуэ Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 85 ирикъунут. Мыр щыгъуэ махуэкъым, ар зыцIыхуу щыта псоми дигу къэдгъэкIыжынщ Мухьэмэд мы дуней дахэм хуэфащэу зэрытетар. Сэ срогушхуэ, сроин ар ныбжьэгъуфIу зэрызиIам, зы къуажэ дыкъызэрыдэкIам. Илъэс куэдкIэ зэпэIэщIэу дыпсэуами, зэи си гум икIкъым ди зэныбжьэгъугъэ IэфIыр.

Илъэс куэд и пэкIэ, иджыри Къэрэшей-Черкес къэрал университетым сыщылажьэу, жэназы гуэрым дыхэтт - къыддэлажьэ егъэджакIуэ, зы зэмани унафэщIу лэжьауэ, дунейм ехыжат. ЛIар пщIантIэкум кърахьэлъэ, ефэндым уаз итт: «Мы нобэ ди пащхьэм илъым муслъымэн динымкIэ ахърэтым къыщылъысыжынур сэбэпу мы дунейм щилэжьа закъуэращ». А псалъэхэр си гум къинащ икIи сигъэгупсысащ: а дунейм ехыжам и гъащIэр зыщIригъэхыу, ефэ-ешхэу, гушыIэу игъэкIуат.

Сигу щIэгъуащ абы, ар тIэулIэт. Дэбагъуэ Мухьэмэд апхуэдэхэм зыкIи ящхькъым, сэбэп зыхэлъ Iуэхуу ищIар гъащIитI-щым яхурикъунщ. ЛъэужьыфI къыхинащ литературэм, журналистикэм, адыгэ щэнхабзэм. ЗыкIи шэч къытесхьэкъым абы ахърэт дахэ зэригъуэтам. Абы къимыгъэщIар Алыхьым къахупищэ и бынхэм, Дэбагъуэхэ я щIэблэ псом.

БАКIУУ Хъанджэрий,
филологие щIэныгъэхэм я доктор,
профессор.



Ныбжьэгъу пэжт

Дэбагъуэ Мухьэмэд япэу сэ щыслъэгъуар Къэрэшей-Черкес désпединститутыр къэзухыу, «Черкес хэку» газетым (апщыгъуэм «Ленин нурт» зэреджэр) сыщылэжьэну сыкъыщыIухьаращ. ЩIэх дыдэ ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ. УнагъуэкIэ дызэкIэлъыкIуэу, дызэрылъагъуу, дызэрылъытэу, ди сабийхэр зэдэтпIащ. Я хьер дызэдыхэплъащ.

Дунейм тетыхун «нэкIуатэ» зэжедмыIэу дызэдэлэжьащ. Корреспондентхэм фIы дыдэу ящIэ цIыхум утетхыхьыныр зыхуэдэр: зы лъэныкъуэкIэ ар гугъущ, и гупсысэкIэм, и Iуэху еплъыкIэм нэгъэсауэ зыхэбгъэгъуэзапхъэщи. НэгъуэщI лъэныкъуэкIи, уи журналист къалэныр къыпхуегъэпсынщIэ абы и цIыхугъэм, и дуней тетыкIэм, и IэщIагъэ IэпщIэлъапщIагъым узэрызыIэпишэм. Дэтхэнэ цIыхуми и гъащIэм, и дуней тетыкIэм хыболъагъуэ щIэныгъэрэ гъащIэ зэхэщIыкIрэ къызыхэпхын. Мухьэмэд акъылышхуэ зыдэплъагъу щIалэт.

Ар зытемыгъэпсыхьа, зытемытхыхьыфын Iуэху къэгъуэтыгъуейт: дэнэкIэ зумыгъэзами, литературэми, щIэныгъэми, спортми, нэгъуэщI Iуэхухэми щыгъуазэт, хуэIэижьт. Редакцэм деж сыт хуэдэ пщэрылъ къыхуамыщIми, ерыщу пылът, фIы дыдэу игъэзащIэт. Абы щыхьэт къытехъуэ зы щапхъи къыфхуэсхьынщ. АдыгэбзэкIэ ди лъахэм къыщыдэкI газетым и япэ номерыр дунейм къызэрытехьэрэ куэд мыщIэу илъэсищэ ирикъунущи, нобэр къыздэсым редактор нэхъыщхьэу тIощIрэ тхурэ щылэжьащ.

Ауэ абыхэм ящыщу Дэбагъуэ Мухьэмэд закъуэщ къахэкIар къызэрыкIуэ литературэ лэжьакIуэу, корреспонденту кърикъуэжьэу, редактор нэхъыщхьэм нэсыху лэжьауэ. Абы къегъэлъагъуэ Тхьэм къыхилъхьауэ зэчийрэ гуащIафIагъэрэ къелыжу зэрыхэлъар. Ар зэшрэ щхьэхрэ зымыщIэ лэжьакIуэшхуэт.

Сэ дунейм сыкъызэрытехъуэрэ, цIыху цIэрыIуэ куэдым сарихьэлIащ. Ауэ мыпхуэдэу ерыщу, тегъэчынауэ зи пщэрылъхэр зыгъэзащIэ цIыху сыпэщIэхуакъым. Ар зэрылэжьакIуэфIым пасэу гу къылъатэри, адыгэ газетым жэуап зыхь и секретарь Брат Хьэбас и къуэдзэу ягъэув. Абдежми Дэбагъуэм зэресауэ, лэжьыгъэм зырет.

Зы гъэщIэгъуэн сигу къокIыж. ТАСС советпсо хъыбарегъэщIэ Iэмалым урысыбзэкIэ къигъакIуэ хъыбархэр псынщIэу адыгэбзэкIэ зэдзэкIауэ газетым игъэувэн хуейт. И нэхъыбапIэм ар зи пщэ иралъхьэр Мухьэмэдт. Апщыгъуэм иджы хуэдэу электроннэ Iэмал, компьютер щыIакъым, журналистхэм къалэмкIэ ятхыр машинисткэхэм традзэжт. Iуэхур тIууащIэт, кIыхьлIыхь хъут.

АтIэ, мыбдежым Дэбагъуэ Мухьэмэд ТАСС-м къигъэкIуа хъыбархэр къищтэт, машинисткэм бгъэдэтIысхьэти, кIуэрыкIуэм тету, еджэмэ, зэридзэкIыурэ, трыригъадзэт. Апхуэдэ IэмалкIэ лэжьэф зытIущым ящыщт Мухьэмэди.

Аркъудейм къегъэлъагъуэ ар зыпылъ Iуэхум нэгъэсауэ хуэщIауэ зэрыщытар. Мухьэмэд къихъухьащ Дэбагъуэхэ Къалэбэчрэ Линэрэ я унагъуэм. Абы иIащ къуэшиблрэ зы шыпхъурэ.

Жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм ящыщу зыри дунейм тетыжкъым. Ауэ абыхэм я бынхэмрэ я быныжхэмрэ ягъэбэгъуащ Жьакуэ Дэбагъуэхэмрэ Хъупсырокъуэхэмрэ. Мыбдежым иджыри зы гъэщIэгъуэным гу лъыстэнут. Дэбагъуэ зэкъуэшищыр адыгэ газетым щылэжьащ. Абыхэм ящыщу СулътIанрэ Мухьэмэдрэ редактор нэхъыщхьэу щытащ. Абы къегъэлъагъуэ ахэр зэман декIуу зэрыпсэуар.

Псоми ящIэ Дэбагъуэ Мухьэмэд журналистикэм имызакъуэу, драматургиеми, уэрэд усыгъэми лъэужь дахэ къызэрыхинар. Драматург Iэзэм и къалэмым къыщIэкIащ пьесэ пщыкIутхум щIигъу. Абы и усэхэмкIэ зэхалъхьа уэрэдхэр нобэр къыздэсым щоIу радиоми, концерт сценэхэми.

НэгъуэщI хэмыту ари ирокъу лъэпкъым фIыкIэ игу укъинэнымкIэ. Уеблэмэ сэ нобэр къыздэсым схуэгъэщIагъуэкъым: газетым щхьэкъэмыIэту зэрыщылажьэуи, редакцэ IуэхухэмкIэ и щхьэм къэсу зэрыщIэгъэнауи, зэмани къаруи дэнэ къриха, апхуэдиз лэжьыгъэр игуэщIын щхьэкIэ? Абы къыхохьэж редакцэм и лэжьакIуэ гупым и унафэщIу зэрыщытар. Мыбдежым абы ицIыхут хэт сыт хуэныкъуэми.

ИкIи зэрыхузэфIэкIкIэ пылът зэрызащIигъэкъуэным, зэрадэIэпыкъуным. ЦIыхуитI зэщхьу дунейм теткъым, псоми уагурыIуэныр, акъылэгъу уахуэхъуныр тыншкъым. Ауэ Дэбагъуэ Мухьэмэд псом хуэмыдэу зы хьэлыфI хэлът: нэгъуэщIым и жагъуэ ищIауэ, ткIииIуэу епсэлъауэ къыщыхъумэ, иужькIэ «къекIуэкIыжти», дахэ-дахэу епсалъэти, псори гуригъаIуэт. Убзэтэкъым, ауэ гум дэщIа псалъэ гуапэхэр къигъуэтт хэт щхьэкIи. Апхуэдэ щэныр унафэщI куэдым ядэплъагъукъым. Мыпхуэдэу къэхъуауэ сощIэж. Редакцэ IуэхукIэ зы щIыпIэ нэсын хуейуэ Дэбагъуэр гаражым телефонкIэ псэлъащ. Ауэ шоферыр дгъуэтакъым. Тэлай текIри, ар къыкъуэкIыжащ, ауэ дыгувэри, Iуэхури къэнат. Мухьэмэд шоферым ткIийуэ епсалъэщ, машинэ IункIыбзэри къыIрихыжри, дыкъежьэжащ. АрщхьэкIэ иужькIэ къызэтеувыIэри, «КIуэ, мы IункIыбзэр етыж, апхуэдэу дяпэкIэ имыщIэжынуи гурыгъаIуэ», — жиIэри сигъэгъэзэжат. Апхуэдэу гу щабэ зиIэ лэжьэгъу ныбжьэгъуфIт ар. Къэрэшей-Черкесым щимызакъуэу, Дэбагъуэм ныбжьэгъуфI куэд щиIэт Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгэ Республикэми. А лъахэхэм «ЩIыхь зиIэ я журналист» щIыхьыцIэр зэрихьэт. Урысей Федерацэм и тхакIуэхэм, и журналистхэм я Союзхэм хэтт. «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэри къыхуагъэфэщат. Си ныбжьэгъум газет Iуэхум хуищIа хэлъхьэныгъэм и гугъу адэкIэ сщIымэ, нэхъыбэжи жысIэфынущ... Ар къызэрытхэмытыжрэ зэманыфI текIыжами, Дэбагъуэ Мухьэмэд зэгуэрми сигу ихукъым. Iуэху гуэрым иужь сыщихьэнум деж, си ныбжьэгъум и фэеплъым гурыгъуазэкIэ сочэнджэщ, «Мыбы Мухьэмэд дауэ пыкъуэкIынут?» жысIэу.

ИДРИС Назир,
КъЧР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ,
адыгэ газетым и корреспонденту, и сурэттехыу илъэс куэдкIэ лэжьащ,
2021 гъэ

Щхьэгъусэм и псалъэ

«АпхуэдизкIэ си гум укъэкIащи»

Мы псалъэхэр зыхэт уэрэд дахэ къэIум сигу къегъэкIыж, гъащIэ дахэ бдесхьэкIар, зы дакъикъи къыхэмыхуауэ, си гущIэм къыщоушыж, Iуэху сиIэр къызогъанэри, гупсысэ IэфIхэм, гукъэкIыж дахэхэм сызэщIаубыдэ. Ажалым узэрысIэщIихрэ илъэс тIощIрэ щым щIигъуами, узэрызимыIэжым сеувэлIэфкъым, сесэкъым икIи си фIэщ схуэгъэхъукъым. Илъэс тIощIитIым нэблагъэху сызыдэпсэуа, синэр зыгъэплъа, си псэр зыгъэтынша, щIалэгъуэ дахэ къызэзыта, жьыщхьэмахуэм нэмыса, пасэ дыдэу сIэщIэкIа си щхьэгъусэ Мухьэмэд апхуэдиз зэман хъуауэ симыIэж пэтми, семыпсалъэу, семычэнджэщу, семыгупсысу, Тхьэм ирещIи, зы махуэ къысхуихуакъым.

Абы и щыхьэтщ унэм къыщIэна и щIэин куэд: и усэхэр, и тхыгъэхэр, тхылъхэр, адыгэ уэрэду Мухьэмэд щыпсэум къекIуэкIахэр, нэгъуэщI куэд. Гу бампIэ дэхыу сиIэ, унагъуэм илъ тхылъхэр къызощтэри, гукIэ куэд щIауэ зэзгъэцIыхуа пэтми, иджыри сыкъоджэ, псалъэ къэс гукъэкIыж IэфIхэм сызэщIиубыдэурэ. Мы гупсысэхэр къызэрезгъэжьа псалъэхэмкIэ къыщIэздзэнщи, мы уэрэдым иджыри зэ къытызогъазэ, си нэпсхэр къысфIыщIэкIыурэ, сыдоIущащэ, мы псалъэхэм сигу ныпхуишэурэ: «Сигу мэплъызыр, уэ уи деж сынишэу...» Аргуэру нэгъуэщI уэрэд тызолъхьэ, уэ фIыуэ плъагъуу щыта, IэфIу сигу къина, мы псалъэхэр зыхэт уэрэд: «си насыпщ, си насыпщ, узиIэхукIэ-си насыпщ». Мы псалъэхэр си щхьэм хузохь, икIи жызоIэ: узиIэжатэмэ си насыпт! АрщхьэкIэ, ажалым усIэщIихащи, семыувэлIэфми, къэсакъыми, сопсэу, Тхьэшхуэм гъащIэ къызипэсар, зэрыжаIэщи, сыухакъыми. «Сэ уэ сыкъыбдофэ, гукIэ сыIущащэу» — мы псалъэхэм си гупсысэр хуашэ илъэс щэныкъуэ ущыхъуа зэманым, утыкур пхуримыкъуу укъызэрыфам, сигу къокIыж гуфIэу уи нэгу щIэлъар, цIыхум пщIэуэ къыпхуащIар, псалъэ IэфIу къыбжаIар. «Къысхуэгъэгъу, гъащIэм гу щозмыгъэхуам...» — мы уэрэдыр зэхэзылъхьа Тубей Артур зэрыжиIэжамкIэ, зи щхьэгъусэ дунейм ехыжа лIым, дахыну къыщIаха и фызым щхьэщыхьэри, «Къысхуэгъэгъу, фIыуэ уэзмыгъэлъагъуа дэтхэнэ зым папщIэ», жиIати, абы ипкъ иткIэрэ, а уэрэдыр дунейм къытехьащ.

Нобэ сэ схужыIэнукъым Мухьэмэд гугъу сригъэхьауэ, арами сэ езым жызоIэ: къысхуэгъэгъу, уигу хэзгъэщIамэ, гугъуехь гуэр зэрымыщIэкIэ ухуэзгъэзамэ! «Уи цIэмкIэ сомыджэурэ, «Си псэкIэ» сыноджэурэ, уэ сыбдэпсэунщ» — мы уэрэдми гукъэкIыж IэфI куэд бгъэдэлъщ: уи ныбжьэгъум урагъусэу, зыгъэпсэху махуэ къыщыфхуихуэм и деж зэдыжыфIэт. ФIыуэ флъагъу уэрэдт, мычэму фи дзапэ уэрэдт. «Сэ къысфIощIыр уэрэ сэрэ япэу нобэ дызэIущIэу», «Гупсысэ иным сэ сиубыдащи...», «КъысхуэгуфIи, зэ къызэплъ...» — сыт хуэдэ уэрэди ирехъу, уэ уэмыпха, гупсысэм сыхэзымышэ, гукъэкI IэфIхэр къызэзымыт псалъэ яхэслъагъуэкъым: псори уэ узопх, сыту жыпIэмэ ахэр псори уэрэ сэрэ къыддэгъуэгурыкIуа уэрэдхэщи.

Мы си гупсысэхэр тIэкIу кIыхь хъуауэ щытмэ, къысхуэвгъэгъу, зи гугъу сщIыр, фэри къывгурыIуауэ къыщIэкIынщи, редакцэм щылажьэхэм, щIэджыкIакIуэхэм фIыуэ къалъагъуу щыта, адыгэ лъэпкъым псэмыблэжу хуэлэжьа, илъэс куэдкIэ къывдэгъуэгурыкIуа, гурэ псэкIэ фIыуэ фыкъэзылъагъуу щыта Дэбагъуэ Мухьэмэдщ. Адыгэ хабзэм тIэкIу сытекIауэ щытмэ (уи щхьэгъусэм утепсэлъыхьыныр къекIукъыми), къысхуэвгъэгъу. Мухьэмэд псэужатэмэ, жиIэну щытар вжызоIэ: лъэпкъ узыншэ Тхьэм дищI, адыгэр Тхьэм дригъэфIакIуэ!

Дэтхэнэ зыми гъащIэ хухихар Тхьэм IэфI хуищI, щIэблэ узыншэ Тхьэм къытщIигъахъуэ, гукъыдэж Тхьэм къыдит, узыншагъэ быдэ фиIэну псоми сывохъуэхъу! Сэри сопсэу, Мухьэмэд, адрей дунейм напэ хужькIэ сыщыIущIэжыным сыпэплъэу: «Гъэ къэс къыпокIэ кхъуэжь кхъужьIэрысейм, уэм щихьыжыным пэплъэу, мыгужьейуэ...»

ДЭБАГЪУЭ Аминат

ФIыуэ щыIэр уигу илъащ
ЛъэужьыфIи къэбгъэнащ
ПщIэшхуэ уиIэу уехыжащ
Ежьу: О-о-о-о, уэуэу .....

Лъагъуныгъи дяку дэлъащ
ГъащIэр дахэу дгъэкIуащ
ХьэщIэ куэди дгъэхьэщIащ
НыбжьэгъуфIхэри уэ уиIащ.
Ежьу:

Си къуэ закъуэри нищтэжащ

ГъащIэ мащIэт къаритари
Дунейр хьэхути ищтэжащ
Ахэр гум имыхуурэ
Си дэлъэхуитIри нищтэжащ.
Ежьу:

Закъуэныгъэри къыслъысащ
Дунейр кIыфIу къысщыхъуащ
Сэ ныхъыби къэзгъэщIащ

Сыфшэжыну сэ сыхуейщ.
Сыфшэжыну сэ сыхуейщ.

Ныбжьэгъум и псалъэ

ГуащIэдэкI гъуэгуанэр

Адыгэ драматург, усакIуэ-уэрэдус, журналист цIэрыIуэ Дэбагъуэ Мухьэмэд Къалэбэч и къуэр 1941 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 10-м Хьэбэз районым хиубыдэ Жьакуэ (Алъэсчырей) къуажэм къыщалъхуащ.

Щеджащ Къэрэшей-Черкес пединститутым филологиемкIэ и факультетым. Абы щIэсу усэхэр, рассказхэр итхыу, адыгэ газетым традзэу хуежьэри, ар къиуха нэужь, 1965 гъэм «Ленин нурым» (иджы «Черкес хэкум») и лэжьакIуэ хъуащ. Мухьэмэд адыгэ газетым и редакцэм и къызэрыкIуэ корреспонденту къыщIидзэри, и къулыкъукIэ дэкIуэтейуэрэ, редактор нэхъыщхьэм нэсащ.

ТхакIуэр республикэм и цIыхухэм нэхъыбэу икIи нэхъыщхьэу зэрацIыхур драматургыущ. Ар щхьэусыгъуэншэкъым. Къэрэшей-Черкесым и адыгэ театрым и унафэщIу щыта Абдокъуэ Маталиорэ езымрэ ягъэуващ Уэхъутэ Абдулыхь и «Асият и мывэ» повестым къытращIыкIа, абазэ тхакIуэ ТхьэйцIыху Бемырзэ и «ЩIыгу IэмыщIэ» романымкIэ ящIа спектаклхэр, езы Мухьэмэд ейуэ – «IэлъэщI плъыжь» драмэр, «Iэпхъуалъэ телъыджэ» таурыхъыр, «ЕпцIыжакIуэм и анэ» трагедиер.

Мухьэмэд адэкIи зэпигъэуакъым театрым папщIэ пьесэщIэхэр итхыныр. И къалэмыпэм къыщIокI «ФIы зыщIэр щIегъуэжкъым», «Иныжьым и нэр», «ГъущIыпсэ хахуэ», «Анэр нэм хуэдэщ», «Сосрыкъуэ», «Напэр нэхъапэщ», «Мишуткэ-Мухьэрбий» спектаклхэр, «Аращ лIы зэрыдэкIуэр» комедие-водевилыр. Абыхэм къинэмыщIауэ, Дэбагъуэм адыгэбзэкIэ зэридзэкIауэ, ди къэрал, хамэ къэрал тхакIуэхэм я пьесэ 14 ди театрым щагъэуващ. Езы драматургым и лъэпкъыбзэхэмкIи зэдзэкIауэ, нэгъуэщI театрхэм щагъэувар. Псалъэм папщIэ, «Иныжьым и нэр» пьесэ-таурыхъым ехъулIэныгъэ ин щиIащ Абхъаз, Къэбэрдей-Балъкъэр, Ищхъэрэ Осетие, Дагъыстан Республикэхэм.

Дэбагъуэм и очеркхэр, рассказхэмрэ повестхэмрэ, пьесэхэр иту тхылъ щхьэхуэу къыдэкIащ «ЩIыгур зыгъэщIэращIэ» (1972), «Псынэдахэ и бжьыхьэ» (1978) сборникхэр. Мухьэмэд и цIэр лъагэу яIэтащ иуса уэрэдхэми. «Сытым щыгъуэ сыкъэпщIэну?», «Къофэр, мэджэгур...», «Ар лъагъуныгъэщ», «Си дахэ», «Зэрыджэ» зыфIищахэр. Дэбагъуэ Мухьэмэд редактор нэхъыщхьэу щыткIэрэ, куэд ищIащ Адыгэ Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Черкесым адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газетищым я къыдэкIыгъуэ зэгуэтхэр гъэхьэзырынымрэ къыдэгъэкIынымрэкIэ. ИкIи, зэуэ жытIэнщи, ахэр хэгъуэгуищым ис адыгэхэр зэпызыщIэ къару зэрыхъуам Мухьэмэд и фIыщIэшхуэ хэлъщ.

Аращ къызыхэкIар Адыгэ Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым «ЩIыхь зиIэ я журналист» (1997 гъэ) ящIыныр. «Печатым и отличник» Дэбагъуэ Мухьэмэд и гуащIэм хуэфащэ пщIэ къызэрыхуащIам и щыхьэтщ «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» (1994), «Къэрэшей-Черкесым и цIыхубэ тхакIуэ» (2002) цIэ лъапIэхэри къызэрыфIащар. 1970 гъэм Дэбагъуэр къэралым и журналистхэм я Союзым, 1989 гъэм СССР-м и тхакIуэхэм я Союзым хагъыхьащ. И ныбжьыр илъэс 61-рэ фIэкI мыхъуауэ, 2003 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 7-м Мухьэмэд дунейм ехыжащ. Къыщалъхуа и къуажэм и зы уэрамым Дэбагъуэ Мухьэмэд и цIэр фIащащ. Езыр зыщыпсэуа унэм фэеплъ пхъэбгъу кIэралъхьащ.

Зэманыр апхуэдизкIэ псынщIэу макIуэри, нэгъуэщIу жыпIэмэ мэлъатэри, илъэс тIощIрэ щырэ текIыжащ журналист Iэзэ, драматург гъуэзэджэ, уэрэд дахэ куэд зытха ДЭБАГЪУЭ Мухьэмэд Къалэбэч и къуэр къызэрытхэмытыжрэ. Апхуэдэ цIыху цIэрыIуэмкIэ къызэрымыкIуэу мащIэ дыдэщ абы къигъэщIа илъэс 62-р...

Зэ закъуэ сыпIуплъэжатэмэ...

Ауэ псэухукIэ ищIамрэ зыхущIыхьамрэ зэхэплъхьэжмэ, нэхъ гъащIэ кIыхь хъуар абы ехъуапсэ хъунущ. Сыту жыпIэмэ, цIыхум уасэ зэрыхуащIыр ныбжьракъым. Напэр япэ иригъэщу, псэкIэ плъэуэ, гукIэ даIуэу псэуащ ар.

Мухьэмэдрэ сэрэ нэIуасэ дызэхуэхъуат Карачаевск дэт пединститутым дыщеджа зэманым. ТIури газетым дытхэт. Къэхъут дызэрымыщIэу адыгэ редакцэм едгъэхьа тхыгъэхэр зэхагъэхьэу ди Iэпэхэр щIэлъу къыщытрадзэ.

Ауэрэ кIуащ студент гъащIэр. Иужьым аргуэруи «Ленин нур»-м дыщызэрихьэлIэжри, илъэс куэдкIэ дызэ-дэлэжьащ.

Сызэрылэжьа илъэс 45-м редактору Iуэху зыдэсщIахэм Дэбагъуэр къащхьэщыкIт газет къыдэгъэкIыным пыщIауэ зэфIах Iуэху псоми зэрыхищIыкIымкIэ.

Си щхьэкIэ Мухьэмэд си унафэщIт икIи си ныбжьэгъу пэжт. Щыуагъэншэу тхэнымкIи, IущагъкIи, пэжагъкIи, икъаркIи абы хуэбгъадэ хъун журналист гупым яхэтакъым жысIэми сыгъуэщэнукъым.

Мухьэмэд гуапэт, цIыху хьэлэлт, цIыхугъэшхуэ хэлът, хуэныкъуэм дэIэпыкъуну хьэзырт. Мы жысIэр зэрыпэжыр си щхьэкIэ згъэунэхуащ си щIалэ нэхъыщIэр институт щыщIыхьэм сэ схуэмыщIэфыну ищIамкIэ. Фезгъэзэшу абы и хъыбар къэсхьыжынкъым.

Журналистикэм имызакъуэу драматургиеми Мухьэмэд хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ, лъэужь къыщигъэнащ. И пьесэм къытращIыкIыу «Анэр нэм хуэдэщ» жыхуиIэмкIэ драмтеатрым щагъэува спектакль закъуэм нэхъ имытхами, Дэбагъуэм щхьэщэ хуэфащэщ. Езы тхьэмыщкIэм анэм гу зэрыщихуа щымыIэми, нэм палъыт анэм и ролыр къызэригъэлъэгъуам, зэрызэпкърихам нэпсыншэу уеплъыфтэкъым. Абы срищыхьэтщ.

А псоми къыхэкIыу Дэбагъуэ Мухьэмэд и творчествэм хуэфащэ увыпIэ щеубыд Къэрэшей-Черкесым и лъэпкъ куэд литературэм.

УсакIуэ Полежаев Василий пэж дыдэу жиIащ: «ЛIахэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, абыхэм нобэрей ди гъащIэр къыддагуэш» жэуэ. Сыту жыпIэмэ, езыхэр щымыIэжми Iэнэмэту къытхуагъэна я тхыгъэхэр псохэм къыдогъэсэбэпыр.

КЪАНТЕМЫР Тыркубий,
тхакIуэ

ЩЫНАХЪУЭ Мухьэмэд къыхужиIауэ щытащ:

Дэбагъуэ Мухьэмэд сэ куэдрэ сыдэлэжьэн къысхудэхуакъым, ауэ илъэс куэдрэ дызэрыцIыхун си насып къиихьащ. Езыр хуабжьу икърар зиIэ цIыхут. И лэжьыгъэм и IуэхукIэ жысIэнщи, редакцэм Iут дэтхэнэми и чэнджэщрэ и псалъэрэ ярихьэлIэт.

Нэхъыжьхэм ядэгуашэт, нэхъыщIэхэр и жьауэ щIигъэтт. Псоми и къару къызэрихькIэ зэрадэIэпыкъуным и ужь итт. НэгъуэщI лэжьапIэ сыIухьэжа иужьи, апщыгъуэм мылицэм сыкIуэжат, дызэрыщIэу, дызэрымыгъэкIуэду щытащ. Нобэ хуэдэу соцIыхуж, си деж нэпсалъэмэ, адыгэ газетым и Iуэхум щIэупщIэт. Сэри газетым сыщылажьэм си къалэныр цIыхухэм газетым Iэпэ щIегъэдзынрати, сыкъыIукIыжа иужьи, ар зыщызгъэгъупщэтэкъым – ди къулыкъум Iут дэтхэнэ адыгэми газетыр къыщIезгъэтхыкIт.

Дыщызэдэлэжьа зэманым куэд зэгъусэу къызэхэткIухьащ, дэнэкIэ щыIэ къуажэми, колхозми дыкIуэт, адыгэм и мэ зыщыуа дэтхэнэ щIыпIэми дыкъыщыхутэт. СоцIыхуж сэ сыкъызыщалъхуа Зеикъуэ къуажэм дыщыкIуэкIэ, сыгушхуэти жысIэт: «Мы къуажэм сэ псори узыншэу щызэфIэсхынущ». Ауэ къуажэм дыдыхьэмэ, цIыхухэр апхуэдизу гуапэу къыпежьэти, тIум язри Iуэхум дыхэмыхьэу, зэфIахагъэххэу, газет бжыгъэр куэдыкIейуэ къыщIатхыкIауэ драгъэблагъэт. Сыт хужыпIэфыну Мухьэмэд...

Абы хужыпIэнур цIыху къэс и гум гукъэкIыжу къыхуина гуапагъэмрэ дахагъэ щIэинымрэщ. Апхуэдэ цIыхухэращ лъэпкъыр лъэпкъ зыщIыр, цIыхугъэм и щапхъэ хъур.

Си щхьэм акъыл къихьэу, зыгуэр къызгурыIуэ зэрыхъуу, Дэбагъуэ Мухьэмэд си гъащIэм къыхыхьащ. ИкIи абы и цIэр адыгэ газетымрэ журналистикэмрэ къыпхукIэрымыхыну епха хъуащ. Адыгэ газетым и гугъу ящIмэ, япэ сигу къэкIыр Мухьэмэдт. Абы и цIэр си тхьэкIумэ къиIуэмэ – адыгэ газетрат. Нэхъыжьхэм пцIы сагъэупсынукъым, зэманым гъуэжь ищIыжа газет подшивкэхэр щыщIэтплъыкIкIи, дымылъагъункIэ Iэмал иIэкъым Дэбагъуэ Мухьэмэд газет Iуэхум япэ лъэбакъуэхэр щичам щегъэжьауэ журналист зэчиифIэу зэрыщытар. Абы и тхыгъэхэр щIэщыгъуэт, щIэджыкIакIуэхэр къыдэзыхьэхт...

УнафэщI ткIий, къуэш гуапэ

Мухьэмэдрэ сэрэ лъыкIэ хуабжьу дызэгъунэгъущ. И адэ Къэлэбэчрэ си адэшхуэ Аслъэнбэчрэ зы адэ-анэм къалъхуауэ зэкъуэшщ. Быным я нэхъыщIэ Мухьэмэд и шыпхъу нэхъыжь, Хъупсырокъуэхэ я нысэ Мадинэрэ дэрэ ди пщIантIэхэр зэхуэгъэзауэ зы уэрамым дытест. Мухьэмэд Жьакуэ нэкIуэху къэс, абы и деж ныдэмылъадэу, Iумыплъэу къыдэкIыжтэкъым. Ди бынунагъуэри абы гулъытэншэ ищIтэкъым.

Мадинэ «ПIытIэ къэкIуащ!» — зэрыжиIэу, (арат Мадинэ фIыщэу илъагъу и дэлъху нэхъыщIэм зэреджэр) псори хыфIэздзэти, сыжэт ди гъунэгъум я деж. Абы гъэщIэгъуэн Iэджи къыджиIэт. Зэман зэриIэкIэ, псыхъуэм ныдыхьэу футбол къыщыддэджэгуи къэхъут. Дэбагъуэ Мухьэмэдрэ сэрэ ди зэхущытыкIэхэм я лъэхъэнэщIэр щIедзэ 1987 гъэм. А илъэсым и гъатхэпэ (март) мазэм Черкесск унагъуэкIэ сыкъэкуэшыжри, «Ленин нур» газетым (арат апщыгъуэм «Черкес хэку»-м зэреджэр) сыIухьауэ щытащ.

СощIэж Мухьэмэд газетым и редактор Къардэн Мухьэмэд и деж сызэрыщIишар: — Мыр си къуэш нэхъыщIэщ, партми хэтщ. Егъэсэжын леи хуейкъым. Газетым куэд щIауэ къотхэ. И тхыгъэхэр нэхъыфIхэм ящыщу мызэмытIэу стендым къыкIэралъхьащ. Мухьэмэд и апхуэдэ «рекомендацэм» гъазэ иIэжтэкъым.

УнафэщIым си тхылъым Iэпэ къыщIидзри, газетым и корреспонденту лэжьэн щIэздзауэ щытащ. И пэжыпIэкIэ, Мухьэмэд сэ «гъэсэжын лей хэткъым» къысхужиIэу Iуэхум сытригъэгушхуа щхьэкIэ, илъэс бжыгъэкIэ журналистикэм зыхуэзгъэсэн къысхудэхуэжащ. Мухьэмэд «си къуэшщ» жэуэ лэжьыгъэмкIэ зэгуэрэми хуэгъэкIуэтэныгъэ лей къысхуищIакъым. Адрейхэм яхуэдэ къабзэу, къысхуэткIиящ.

Сыкъуаншэмэ, зызигъэцIыхужащ. Ди акъыл щызэтемыхуи, дыщызэгурымыIуи щыIащ, ауэ абы щхьэкIэ зэгуэрэми дызэрыгъэIеякъым. УнафэщIыр унафэщIщ, лэжьыгъэр лэжьыгъэщ, ауэ абы ящхьэж щыIэщ цIыхугъэмрэ адыгагъэмрэ. Ар Мухьэмэд зэгуэрэми зыщигъэгъупщэтэкъым.

Мухьэмэд езыр и лэжьэгъухэм ящытхъу и хабзэтэкъым. Зэзэмызэ дыдэт апхуэдэу щыхъур. Уи тхыгъэм и гугъу имыщIу блигъэкIамэ, къыщытхъуам хуэдэт.

Абы къинэмыщIауэ, ар къызэрыпхуэарэзыр къигъэлъагъуэт къыпхуищI дзыхьымрэ уи пщэ кърилъхьэ Iуэхухэмрэкlэ. Ауэ езымрэ сэрэ дызэбгъэдэсмэ, си адэм, си къуэш нэхъыжьым хуэдэу къысхуэгуапэт, къыщIэупщIэт си анэм, къыздалъхуахэм, си унагъуэм, си фэтэр Iуэхухэм. Си тхыгъэхэр згъэхьэзыра нэужь, и къулыкъу пэшым сыщIишэт, сигъэтIысти, тегъэчынауэ, дымыгузавэу дригъэджэжт. Си закъуэтэкъым, адрейхэми апхуэдэт зэрадэлажьэр.

Сесэхун, Iуэхум мащIэу сыхэзэгъэхун, къыстримыкъузащэурэ садигъэлэжьащ журналист Iэзэхэм – Мамхэгъ Жыхьэбэн, Бахътыр Исмэхьил, Даур Жэхьфэр, Шорэ Ахьмэд, Къантемыр Тыркубий, ХьэпэнцIыв Сэфарбий, Анзорхэ Мухьэмэд, Зэубыд Ахьмэд, Адзын Мухьэмэд, Пхъэш МуIэед.

Садигъэлажьэт Хьэбэз, Адыгэ-Хьэблэ районхэм ди газетым и собственнэ корреспонденту щыIа АбытIэ Владимир, Нэхущ Мухьэмэд, Гъуэзджэш Хъызыр сымэ. МащIэ-мащIэурэ, сыхимыгъэзыхьыщэурэ икIи къимыгъэлалэу Мухьэмэд сыхригъэлъэсащ лэжьыгъэм. Пасэу си пщэ кърилъхьэн иригъажьэри, илъэс бжыгъэкIэ згъэхьэзыращ «ЦIыхубэ контроль» напэкIуэцIыр, профсоюз тхыгъэхэр. ИужькIэ парт къудамэм сыщIигъэтIысхьа нэужь, дзыхь къысхуищIурэ, саригъэпсалъэт Къэрэшей-Черкесым и унафэщIхэм, IэщIагъэлI пашэхэм... СщIэкъым си пщэ кърилъхьэу щыта лэжьыгъэр нэгъэсауэ схузэфIэкIыу щытами.

Ауэ езы Дэбагъуэ Мухьэмэд абы и лъэныкъуэкIэ гукъанэ зэгуэрэми къысхуищIакъым. Ар си егугъуныгъэм кърита уасэу къызолъытэри, нобэр къыздэсым абы срогушхуэ. Журналистикэм зыгуэр щысхузэфIэкIамэ, щысхузэфIэкIмэ, ар Дэбагъуэ Мухьэмэд и фIыщIэщ. Адрей унафэщIхэм яхуэдэу Мухьэмэди къыщытехьэ, щытэмакъкIэщI щыIэт. Ауэ гужьгъэжьыр зэгуэрэми зытригъакIуэтэкъым, бзаджагъэр гъэтIылъыгъэ ищIтэкъым, губжьами, щIэх «теужти», къыпхуэгуфIэжт. Къулыкъу IуэхукIэ зэхэзехуэн уищIтэкъым, образнэу жысIэнщи, и гуфIакIэм мывэ щиIыгътэкъым.

Журналист ныбжьыщIэхэр мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэм зэрыхишэнум пылът. Адыгэ Республикэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Черкесым я адыгэ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэтхэр зэхагъэувэн щрагъэжьа лъэхъэнэм сэри а Iуэхум фабгъуэу сахигъыхьауэ щытащ. Сыздишэурэ, мызэ-мытIэу сыщыIащ Налшык, Мейкъуапэ щызэхэта редакцэ зэхуэсхэм. Уеблэмэ абыхэм ятеухуа тхыгъэхэр згъэхьэзырыжыну си пщэ къыщрилъхьаи щыIащ.

Ар сэркIэ щIэныгъэ, гъащIэ зэхэщIыкI хэкIыпIэу зэрыримыкъу щыIэтэкъым. Дауэ семыгугъунрэт, нэхъыфI зэрыхъунум сыпымылъынрэт! Нобэр къыздэсым сригушхуэу сигу къокIыж Дэбагъуэ Мухьэмэд адыгэ хэгъуэгухэм я газетхэм я редактор ХьэщIэмыз Биболэт, Мэзыхьэ Борис, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сымэ, тхакIуэ усакIуэ, журналист цIэрыIуэхэм «мыр си шынэхъыщIэщ» жиIэурэ нэIуасэ сазэрыхуищIар.

Апхуэдэ къабзэу, драматургием зи цIэ фIыкIэ щызыгъэIуа Дэбагъуэ Мухьэмэд и фIыщIэшхуэ хэлъщ сэри театрым, псом хуэмыдэу, адыгэ театрым, лъагъуныгъэ зэрыхуэсщIам. Мухьэмэдрэ абы и ныбжьэгъу щыпкъэ, адыгэ театрым и унафэщI Абдокъуэ Маталиорэ сытрагъэгушхуэри, Чехов и пьесэ цIыкIухэр адыгэбзэкIэ яхузэздзэкIауэ щытащ. Адыгэ текстхэм япэу езгъэплъари Мухьэмэдщ. Мис итIанэщ зэздзэкIар театрым схьыуэ актерхэм сакъыщыхуеджар. Арати зы зэман адыгэбзэкIэ «згъэпсэлъа» Чеховым зы акт нэхъ мыхъу и пьесэхэр театрым щагъэуври, театреплъхэм я пащхьэ кърахьауэ щытащ. Дэбагъуэ Мухьэмэд сызыдригъэхьэха лэжьыгъэм куэдрэ сыпэрытащ, «Ленин нур» газетым и корреспондент» псалъэхэр си тхыгъэхэм зэрыщIэздзым сригушхуэу, си щхьэр ину ирислъагъужу. Ноби сыпэрытщ.

ИкIи си тхыгъэ «Черкес хэку» газетым къытехуэху къэси, Дэбагъуэ Мухьэмэд фIыкIэ сигу къокIыж. Си гугъэщ Мухьэмэд зи ныбжьэгъуу, зи цIыхугъэу щыта дэтхэнэми а фэеплъыр къыздигуэшыну.

ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ

И гъащIэ щапхъэр ди гъуэгугъэлъагъуэщ

Ди адэшхуэ Дэбагъуэ Къэлэбэч сеупщI зэпытт:

«Дэнэ дыкъикIа? Сытым къытекIа ди унагъуэцIэр?»

Дадэ и жэуапыр мырат:

«Дэ АдыгеймкIэ дыкъикIащ, дыабэдзэхэщ. ЗэрыжаIэжымкIэ, зы лIы гуэр хуабжьу егугъуу щIым елэжьти, и лэжьыгъэр къыдэбагъуэт. Апхуэдэуи, абы ДэбагъуэкIэ еджэу щIадзащ. Дэ а лIым дыкъытехъукIащ»...

Дэбагъуэхэ Къалэбэчрэ Тхьэкъуахъуэхэ япхъу Линэрэ я унагъуэм сабиибгъу къихъухьащ: щIалийрэ зы пщащэрэ. Унагъуэр зэман хьэлъэм хэхуами, фIыуэ зэрылъагъуу, зым Iэпыхур адрейм къищтэжу зэдэпсэут. А унагъуэшхуэм я щIалэ нэхъыщIэт Мухьэмэд.

Мухьэмэдрэ Исхъэкърэ я деж сысабийуэ япэу щызэхэсхат ди лъэпкъэгъухэр хэхэсу хамэ хэкухэм зэрыщыпсэури, сылъыхъуэурэ седжэт абыхэм щхьэкIэ згъуэту хъуам...

Си шыпхъу Светэрэ сэрэ филолог IэщIагъэр къыщIыхэтхари ди адэ къуэшитIым я фIыщIэу солъытэ. Мухьэмэдрэ Исхьэкърэ цIыхуфIу, адыгэлI нэсу дунейм тетащ.

Ди адэ Дэбагъуэ Рэмэзан сытым хуэдэу гуфIэрэт и къуэш нэхъыщIэр газетым и редактор нэхъыщхьэ щыхъуам, "Си къуэш нэхъыжь СулътIан и пIэм иуващ" жиIэт.

Хьэбэз курыт еджапIэм лэжьэн щIэздзат 1973-рэ гъэм. Библиотекэм сыкIуат зыщIезгъэтхэну, Хьэкъун Исуф и деж. Ар къызэупщIащ: "Дэбагъуэ СулътIан уи хэт"? — жери.

— Си адэкъуэшщ» — щыжесIэм, «апхуэдэ ныбжьэгъуфI зэи сиIакъым икIи сиIэжынукъым» къызжиIат.

Алыхьым жэнэт кърит Хьэкъун Исуф. Ди адэ къуэшхэри, ди адэри, ди адэ шыпхъури, зэнысэгъуитхури нобэ диIэжкъым... Тхьэм я ахърэтыр нэху ищIхэ.

«ФIыгъуэм я нэхъыщхьэр зэгурыIуэрщ» жеIэ адыгэ псалъэжьым. Псори зэгурыIуэу, фIыуэ зэрылъагъуу псэуащ.

Абыхэм я гъащIэ щапхъэр дэри ди гъуэгугъэлъагъуэщ.

АКЪ Софье

↰1

Гупсысэ къабзэм и псынащхьэ

АрщхьэкIэ, фIыуэ илъагъутэкъым ди лъэпкъ хабзэфIхэр зэблэзыххэр, ахэр щхьэхуещагъэкIэ къэзыгъэсэбэпыну пылъхэр. Игу иримыхь псори сценэм деж сэтей къызэрыщищIыфар драматургым и ехъулIэныгъэ, къару нэхъыщхьэхэм зэращыщыр гурыIуэгъуэщ. АтIэ, уи лъэпкъыр фIым хуэпшэн, пхъумэжын, и дахагъэр бгъэдэгъуэу ар нэгъуэщIхэми я фIэщ пщIын щхьэкIэ и пэжри зэрыхуэфащэкIэ къэпIуэтэфын хуейщ. Ар хьэлэмэту хузэфIэкIт Дэбагъуэм. ЩIыхузэфIэкIри? ЗэрыжытIам хуэдэу, япэ щIыкIэ журналистикэм и дерс нэхъыфIхэр зыхиубыдауэ, ахэр къэгъэсэбэпыным IэщIагъэ хуэхъуауэ цIыхухэм яхыхьэт икIи къахэкIыжт. Журналист лэжьыгъэмрэ IэщIагъэмрэ икъукIэ къыщхьэпащ пьесэ итххэм я теплъэгъуэхэр, я шыфэлIыфэхэр зрихьэлIэ, зэпсалъэ нэхъыжьхэм, нэхъыщIэхэм, сабийхэм, хъулъхугъэхэм, бзылъхугъэхэм я деж къыщигъэгъуэтынымкIэ. Тхыдэмрэ IуэрыIуатэмрэ Дэбагъуэм и Iэщэ пажэу зэрыщытыр щыжытIэкIэ, зыщыбгъэгъупщэну Iэмал иIэкъым лъэбакъуэ ичыху езыр зэрыт лъэхъэнэр, гъащIэр нэ щыкIэ театреплъхэм я нэгу щIэгъэкIыным зэрыхуэпэбгъар. КонфликткIэ дызэджэ «бжьакъуэ зэрынахэр» и тхыгъэхэм деж къыхихакIэрэ, ахэр щызэригъэкIыжкIэ, дэтхэнэми хуэфащэ бгъэдыхьэкIэ къыхуигъуэтт, а къыхуигъуэтари драматургым IэкIуэу къигъэсэбэпыжт. ЗэрагъэхъыбарыжымкIэ, адыгэ лъэпкъым ящыщ шапсыгъхэм яхэлъащ къуршыбгъэхэм я хабзэ гъэщIэгъуэн. Ахэр тхьэ елъэIун ипэкIэ дэкIт нэхъ лъагапIэу яIэм — бгы, Iуащхьэ ирехъу. Апхуэдэу щIащIыр тхьэм нэхъ гъунэгъу зыхуащIу жаIэр IупщIу зэхрагъэхын гуращэкIэт. Мухьэмэд и гупсысэкIэми мызэмытIэу уешэ апхуэдэ лъагапIэм. Шыпсэм ипкъ иткIэ итха «Иныжьым и нэр» пьесэр къэтщтэнщи, ар авторым и жыжьэрыплъэ телъыджэхэм ящыщ зыуэ къэплъытэ хъунущ, зыIуилъхьэмэ. Ар дыдэмкIэ зэман жыжьэми гъунэгъуми пхрыплъурэ, и лъэпкъым и блэкIари и къэкIуэнури къызэрилъагъунум хущIэкъут. Езым итхам и мызакъуэу, ди Къэрэшей-Черкесым ис драматургхэм, къэралым, нэгъуэщI лъэпкъхэм яйуэ пьесэ мащIэкъым Дэбагъуэм адыгэбзэкIэ зэридзэкIыурэ ягъэувар.

Дэтхэнэ зыми я лъэпкъ фащэ ящитIагъэрэ я бзэ жаныр яIурилъхьэу. Ауэ и пьесэхэм я закъуэкIэкъым Мухьэмэд и лъэпкъым жьабзэ IэфIкIэ епсалъэу зэрыщытар. Куэд щIат абы усакIуэ-уэрэдытх IэкIуэлъакIуэу зыкъызэригъэлъагъуэрэ. Нэхъыбэу итхыгъари лъагъуныгъэм теухуахэращ.

Адыгэ художественнэ щэнхабзэм и вагъуэ, композитор щэджащэ Даур Аслъэн и тхылъхэм ящыщ зы Дэбагъуэм тыгъэ щыхуищIым мыпхуэдэу хутритхауэ щытащ: «Мухьэмэд, уи уэрэдхэр цIыхубэ уэрэд хъури, ар зытебухуа цIыхубэм ищтэжащ...» Даур Аслъэн къинэмыщIауэ, композиторхэу Тхьэбысым Умар, Тыкъуэ Къаплъэн, Тубай Артур, нэгъуэщIхэм ядэлажьэкIэрэ, адыгэхэм дэнэкIи щызэIэпах уэрэд телъыджэхэр Дэбагъуэм и къалэмыпэм къыщIэкIащ. Адыгэпсэ хэмытамэ, адыгэгу кIуэцIымылъамэ, абы и уэрэдым апхуэдэу дамэ псынщIэхэр щIэх имыгъуэтынкIэ хъунт.

Уэрэдыпкъым е музыкэ зыщIэтыну усэм щелэжькIэ, Мухьэмэд сыт щыгъуи и тхьэкIумэм икIакъым къызыхэкIа лъэпкъым, къыздалъхуа къуажэм къагъэщIа, зэхрагъэха уэрэдхэмрэ макъамэхэмрэ. Зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ илъагъут IуэрыIуатэм ди зэманым къынихьэсыжа нарт, пасэрей пшыналъэхэр. Мис апхуэдэу зи гугъу сщIы псоми зэрысабийрэ усакIуэуэрэдытхыр щIамыпIыкIамэ, дунейм къытригъэхьэфыну къыщIэкIынтэкъым дэтхэнэ адыгэ хэгъуэгуми щызэIэпах, нысашэхэм, хьэгъуэлIыгъуэхэм, концертхэм мычэму щыжаIэ «Сытым щыгъуэ сыкъэпщIэну?» лъагъуныгъэ уэрэдым хуэдэхэр. Ар дыдэр хужыпIэну хуэфащэщ «Дихьэхам и уэрэд» зыфIищами. Уэрэдхэм я мызакъуэу, хэкупсэ-лъэпкъыпсэу зэрыщытар къыздэIуэтэжа усэхэр Дэбагъуэ Мухьэмэд и мащIэкъым, езыр къызэрыхъухьа лъахэм и щIыуэпсым и дахагъым, и Жьакуэ къуажэм, абы дэс цIыхухэм, и ныбжьэгъухэм ятеухуауэ. И усыгъэ псори нэщхъыфIагъэрэ гушыIэрэкIэ гъэнщIауэ жыпIэнри тэрэз дыдэ хъунукъым Мухьэмэд итхахэм я гугъу щыпщIкIэ. И сатырхэмкIэ къитIэщ ди адыгэ лъэпкъым и блэкIа гущIыхьэр, псом хуэмыдэу лъыгъажэ зауэу илъэсищэкIэ екIуэкIам иужькIэ лъэпкъыр дуней хъурейм и къэрал, хэку пщIы бжыгъэм щызэбгрыдзауэ, хэхэсу къызэрынам и пэжыр. Апхуэдэхэм деж къигъэсэбэпащ гъыбзэжьхэм я ухуэкIэ-гуIэкIэр. Сыту жыпIэмэ, езыр къызыхэкIа лъэпкъым щыгъупщакъым, къемэт махуэр къэсыхуи щыгъупщэнукъым сэхыр къызэрыхуахьар, зэрызэтраукIар, зэрызэбграхуар, хы ФIыцIэм цIыху минхэр зэрыхакIутар, хамэщIым кIуахэри зэрыпыхьамрэ зэрыхэкIухьыжамрэ. А щIыкIэм тету, «Истамбыл гъуэгуанэ» гъыбзэжь цIэрыIуэм пэджэжу, зи щIыгу зрагъэбгынахэм я хьэдагъэмрэ тхьэусыхэмрэ къыхоIукIыр жыхуэтIэ усыгъэхэми. Дауи щрет, ди къуажэхэм, ди Хэкум, ди цIыхухэм, бгырысхэм я зэныбжьэгъугъэм Дэбагъуэм триухуа уэрэд нэщхъыфIэхэм жыхуэтIа гъащIэ, зэман блэкIа гущIыхьэхэр зыкъомкIэ ягъэфIэжыр. Абыи къыбжеIэ адыгэ лъэпкъым и къэкIуэнур нэхъ дахэ, бжьыфIэ, лъэрыхь зэрыхъунум драматургыр, усакIуэр еш имыщIэу зэрыхуэлэжьар.

БЭЧЫЖЬ Лейла, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.
2001 гъэ, жэпуэгъуэм (октябрым) и 9

ЦIыху зэчиифIэт

Дэбагъуэ Мухьэмэд дэлэжьахэм, илъэс куэдкIэ шыгъупIастэ дэзышхахэм ноби ди фIэщ хъукъым ар къытхэмытыжу. Ауэ къэхъуа гуауэм урегъэувалIэ пщэдджыжькIэ ди бжэр къыIуихыу сэлам къызэрыдимыхыжым, ди гъусэу уэрамым дызэрырымыкIуэжым, и гушыIэ дахэр редакцэм зэрыщIэмылъыжым.

Псом хуэмыдэу ди гум зызэпегъазэ, къыдэкI газетхэм и цIэм дыщримыхьэлIэжкIэ. Зэм абы идолъагъуэ гуфIэпсыжу ину и махуэщIыр зыхуагъэлъапIэ Мухьэмэд. Куэд темыкIыу идолъагъуэ щыгъуэ фIыцIэкIэ къэтхъыхьа и сурэтыр. Къэбэрдей-Балъкъэрри, Адыгэ Республикэри яхэту организацэ куэд дыдэм къагъэкIуат щыгъуэ псалъэ гущIыхьэхэр. Мухьэмэд и лIэныгъэр нэхъри хьэлъэ ищIат и цIэр республикэм ину щаIэта къудейуэ гуауэкIэ пыкъуэкIыжын хуей зэрыхъуам. ЗэрыжаIэщи, Алыхьым абы и натIэ кърихар арати, гъащIэу кърита илъэс хыщI къудейщ. Ар хуабжьу мащIэщ IуэхуфI щIэным сыткIи тегъэпсыхьауэ дунейм тета цIыхумкIэ. Хабзэу зэрыщытщи, цIыху и гъащIэм уасэ зэрыратыр къигъэщIа илъэс бжыгъэракъым, атIэ дунейм зэрытетамрэ лъэужьу къигъэнамрэщ. ХьэкъыпIэкIэ Мухьэмэд дэтлъагъу лъэужь хъарзынэм пэублэ хуэхъун гуэри иIакъым и щIалэгъуэм. И анэр пасэу дунейм ехыжри, къыдалъхуа и нэхъыжьхэм я жьауэм щIэту къэтэджащ. Жыжьэ IукIыу институт щIыхьэфынуи лъэкIыныгъэ иIакъым, нэхъ гъунэгъу дыдэу щыт Къэрэшей-Черкес къэрал пединститутыр къыхихащ мыхъумэ. Мухьэмэдрэ сэрэ илъэс бжыгъэфIкIэ зы лэжьапIэ пэшым дызэдыщIэсати, жиIэ зэпытт и къуэшхэмрэ и шыпхъу закъуэмрэ фIыщIэр зэрахуигъазэр. Дунейм ехыжыхукIэ, ахэр зыхилъхьэ щымыIэу, я фIыщIэр зэи имыгъэкIуэду, я гуфIэгъуэри, я нэщхъеягъуэри ядигуэшу яхэтащ.

Редакцэм лэжьакIуэ къызэрыкIуари гъэщIэгъуэнщ. Итхт усэ цIыкIу гуэрхэр, газетым къигъакIуэт. Абыхэм нэхъыжьхэр хэплъэжти, хуатхыжт хъунумэ — мыхъунумэ. Зэ редакцэм къыщIыхьауэ жиIэгъат: — Сэ мыбдежым сыщылажьэтэмэ, хэт къитхри тездзэнт, зыгуэр къэзытхар фэ сытым хуэдэу къыфщыгугърэ... — АтIэ укъэтщтэнщи, къатхыу хъуар тебдзэмэ деплъынщ, — дэгушыIат абы нэхъыжь гуэрхэр. Зэманыр къекIэрэхъуэкIри, 1965 гъэм сэлэт къулыкъум къикIыжа щIалэ Iэслъэс цIыкIур редакцэм и бжэщхьэIум къебэкъуащ. Япэ дыдэу сэрат гъусэ зыхуащIари, зыфIэзмыгъэщIурэ сыкIэлъыплът. Зэуэ дэслъэгъуащ журналистым хэлъын хуей щэн нэхъыщхьэр — Iуэхум псынщIэу иужь ихьэныр, апхуэдэуи псынщIэу зэфIэгъэкIыныр. ЩIалэ къэмышэ пэтрэ зэш тегъэуным димыхьэхыу, махуэм командировкэ щыIамэ, зэхуихьэсар жэщым итхыжти, хьэзыру пщэдджыжьым къихьт. Куэдым ягъэщIагъуэу и тхыгъэхэр зэманым ипэ ищт. Дызыхуэлажьэр мэкъумэшрати, ди пащхьэ кърагъэуват апщыгъуэм жэгундэгъэкI цIэрыIуэу щыта Ашыбокъуэ Мыхъутар и лэжьыгъэр хэIущIыIу тщIыну. Дзыхьи сымыщIыщэурэ, а Iуэхур Мухьэмэд ипщэ ислъхьат. Ашыбокъуэм и лэжьэкIэ пэрытыр апхуэдизу фIыуэ, хуэIэзэу кърихэкIати, и тхыгъэр нэхъыфIхэм ящыщу къалъытат.

Сытым хуэдэу ар щыгуфIыкIат и япэ ехъулIэныгъэм! Зэрытхэм къыдэкIуэу, Мухьэмэд редакцэ, типографие Iуэху зехьэкIэхэми щIэх дыдэ хэгъуэзащ. Газетым и редактор Шурдым Кушыку куэд темыкIыу сриджэри, къызжиIащ: — Уи щIалэм и лэжьэкIэр сигу ирохь, типографие Iуэхухэми зэуэ хэгъуэзащ, дауэ уеплърэ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу дгъакIуэмэ? СэркIэ фIытэкъым сызыгъэтыншу лажьэ щIалэр зыIэщIэзгъэкIыну, ауэ Мухьэмэд и жанагъкIэ, и гупсысэкIэкIэ, и лэжьэкIэкIэ нэхъыбэ зэрыхузэфIэкIынум сэри гу лъыстати, сыпэрыуакъым.

Редакторри сэри дызэрыщыгугъауэ къыщIэкIащ. Зы зэман гуэркIэ лэжьауэ, СССР-м и журналистхэм я Союзым хэгъыхьэн хуейуэ къалъытащ. Си гуапэу рекомендацэ тхыгъи хуэстхри ящтащ.

Мухьэмэд и щIэныгъэм, IэпщIэлъапщIагъым хигъэхъуэху, и IэнатIэкIи дэкIуэтей хъуащ. Хуагъэфащэ газетым къыIэщIыхьэ тхыгъэхэмкIэ отделым унафэ хуищIыну.

Абы лэжьыгъэшхуэ щыбгуэщIын хуейт. Апщыгъуэм, къуажэ, къалэ корреспондентхэр куэду къатхэт, абыхэм уадэлэжьэныр, я тхыгъэхэр нэхъуса пщIыуэ пхыбгъэкIыныр тынштэкъым. Арами, тегъэчынауэ пылъащ пщэрылъ хуащIам. Тхыгъэ мыхъуахэм жэуап щаритыжкIэ, дыдэгушыIэт: — Сыт, Мухьэмэд, иджы газетым ущолажьэ, къатх псори щхьэ томыдзэрэ? — жытIэти. — Фэ мыхъуххэну ныщхуэфтхыжт, сэ гугъапIэ гуэр язот.

Зэрагъэзээхуэжу, хэтыпхъэхэр хатхэжу къысхуагъэкIуэжыну солъэIу, — къытхуикIуэттэкъым. 1967 гъэм Ленинград ищхьэ парт еджапIэм сагъакIуэти, си пIэкIэ къэзгъанэ хъунумкIэ редакторыр къыщызэчэнджэщым, зэуэ Мухьэмэд и цIэр къисIуащ. Мэкъумэш Iуэхур апхуэдэу фIыуэ зыщIэ а лъэхъэнэм редакцэм щылажьэтэкъым. ИлъэситIкIэ мэкъумэш къудамэм и унафэщIу лэжьати, мэкъумэш Iуэхухэр газетым къыщыгъэлъэгъуэнымкIэ щапхъэу щытащ. Итхт репортаж, зарисовкэ купщIафIэхэр.

Абдежым Мухьэмэд и акъыл хуокIуэ лэжьакIуэ пэрытхэм ятеухуа очеркхэр гъэхьэзырыным. КъыдегъэкI ахэр зэрыт и тхылъ мыиныр. Абы игъэгушхуэри, иужь ихьащ рассказхэр, повестхэр тхыным. Абыхэм къакIэлъыкIуащ пьесэхэр. Драматургием и гъуэгум быдэу теувэри, адыгэ театрым и репертуарыр игъэбеящ пьесэ хьэлэмэтхэмкIэ. ЖыпIэ хъунущ нобэ адыгэхэр зыщыпсэу Урысей щIыналъищми я газетхэр зэгъусэу къызэрыдэкIым и япэ хъуаскIэр хэзыгъэнар Мухьэмэду. Абы и гупсысэм къыпэкIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ Республикэм къикI тхыгъэхэр ди газетым тедзэныр, напэкIуэцI псо игъэувэныр, тхыгъэхэмкIэ зэхъуэжэныр. ИкIи газет зэгуэтхэр къыдэгъэкIыныр редакторхэу Къардэн Мухьэмэд, Мэзыхьэ Борис, Мерэтыкъуэ Рэмэзан сымэ кърагъэжьами, редактор нэхъыщхьэ хъуа нэужь, Дэбагъуэ Мухьэмэд и къару куэд ирихьэлIащ лъэпкъ газетыр купщIафIэ щIыным, абдежым Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр къыщыIэтыным. Дауэ щIэгъэнауэ щымытами, редакцищым я зэхуэсым хэтыну лъэкIыныгъэ къигъуэтт. КъыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэ зэхэтхэм газетхэр зытраухуэнум щытепсэлъыхькIи, акъылрэ сэбэпрэ зыхэлъ куэд къыхилъхьэт.

ЗэIущIэм хэтхэми ар хуэчэфу къыдащтэт. Дэбагъуэ Мухьэмэд адыгэ газет зэгуэтыр къыдэгъэкIыным гуащIэу хилъхьам хуэфащэ пщIэ щигъуэтащ Адыгэ Республикэми, Къэбэрдей-Балъкъэрми. А республикэхэм я президентхэу Джарым Аслъэнрэ КIуэкIуэ Валерэрэ я унафэкIэ, къыхуагъэфэщащ республикитIми «ЩIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр.

Езым Урысей Федерацэми, Къэрэшей-Черкесми я фIэщыгъэцIэ лъагэхэр иIами, абы нэхъ лъапIэу къилъытэт къуэш республикэхэм къыхуащIа пщIэр. ХьэкъыпIэкIэ аращ зэрыщытар. Редакцэм и бжэщхьэIум къызэребакъуэу иублэри, щыкорреспондентами, жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу, къудамэм я унафэщIу щыщытами, редакторым и къуэдзэу щылэжьами, редактор нэхъыщхьэ пщэрылъхэр щигъэзэщIами, гукIи псэкIи лъэпкъым хуэлэжьащ, и гъащIэр кIэщI зэрыхъунур ищIам ещхьу, сыт хуэдэ Iуэхури нэхъ псынщIэу зэрызэфIигъэкIыным пылъащ. Мухьэмэд редакцэм и сыт хуэдэ IэнатIэ пэрымытами, зэи щытакъым зигъэпагэу, и щхьэр хиIэтыкIыу. Ар къэнэжащ зэрыДэбагъуэ Мухьэмэду, ныбжьэгъу пэжу, и лэжьэгъум и гуфIэгъуэр дэзыIэтыф, и нэщхъеягъуэр дэзыгуэшыф, гулъытэ зыхэлъ унафэщIу. А псоми къыдэкIуэу гушыIэшхуэ хэлът. Дахэу къафэт. Езымрэ Даур Аслъэнрэ зэдауса уэрэдхэр, нэгъуэщIхэр макъ жьгъырукIэ жиIэт. Дэ сыт щыгъуи дгъэщIагъуэт усэ тхыным апхуэдэу пымылъми, уэрэдхэм хагъэувэ псалъэхэр хуэIэзэу, шэрыуэу зэритхыфыр. Абы и IэрыкIщ ноби нысашэхэм, пшыхьхэм щыжаIэ, уеблэмэ, цIыхубэм ей хъуауэ къалъытэ уэрэд куэд. ЖыпIэнурамэ, Алыхьым Мухьэмэд цIыхуу къигъэщIати, цIыху хуэдэуи дунейм тетащ.

ДАУР Жэхьфэр,
2021 гъэ

ХЬЭПЭНЦIЫВ Сэфарбий:

"Дэбагъуэ Мухьэмэд хуабжьу цIыху хъарзынэу, адыгэлI щыпкъэу, цIыхугъэрэ адыгагъэрэкIэ гъэнщIауэ щытащ. И лъэпкъым хуиIэ фIылъагъуныгъэм къинэмыщIауэ, дэтхэнэ кърихьэлIэми и гу хуабагъэкIэ дэгуашэт. ГъащIэм деж къэхъукъащIэ куэдым ущрехьэлIэ. Языныкъуэхэм дэIэпыкъуныгъэ ухуэныкъуэщ, адрейхэм узыхуейр зы гуапагъэ гулъытэ къудейщ. Мухьэмэд сыт и IуэхукIэ убгъэдэмыхьами, игурэ и псэрэ зэIухауэ къыппежьэт, гуззэвэгъуэм хэхуа цIыхур къыIэщIихыжти, и псалъэ гуапэхэмкIэ къигъэщIытэжт. Сэ Мухьэмэд илъэс 27-м щIигъукIэ сыдэлэжьащ. Куэди зэдэтлъэгъуащ, Iуэхугъуэ мымащIэми дызэдыхэплъащ. Нобэр къыздэсым ар си нэгум зэрыщIэтыр хьэлэлагърэ зэхэщIыкIрэкIэ гъэнщIа лIы зэпIэзэрытущ. Илъэс дапщэ темыкIами, ар нобэ къыдбгъэдэтым, и псалъэ щабэхэр къыднэсым хуэдэщ. Тхьэм жэнэт кърит! Апхуэдэ цIыхухэм я фэеплъыр мыкIуэдыжщ жыхуаIэм хуэдэщ. Мухьэмэд къигъэна лъэужьым зэманри гъащIэри пэлъэщынукъым, ар дунеягъэ щIэинщ къэзыцIыхуу щыта, и гуапагъэ зылъэIэсахэм я дежкIэ".

ДЭБАГЪУЭ Владимир:

"Си адэ къуэш Мухьэмэд куэдым къацIыхуу, и Iыхьлыхэми, и цIыхугъэхэми, нэIуасэ къыхуэхъуа къудейхэми къалъытэу, фIыуэ къыхущытахэщ. Езыр бынунагъуэшхуэм къыхэкIат, и гуащIэкIэ псэужу къэтэджа адыгэлIт. Дэнэ щымыIэми, ини-цIыкIуи зэрыжаIэу, къыхуэгуапэт, езыр зэрыцIыху хьэлэлыр, зэрыжумартыгур яцIыхути. Мухьэмэд гъащIэм дихьэхауэ псэу цIыхут, гулъытэншэу зыри IэщIэкIтэкъым, спортыр фIыуэ илъагъут, хэгъуэгум сыт хуэдэ зэпеуэ щымыIами, ар набдзэгубдзаплъэу щIимыплъыкIыу къигъанэтэкъым. И цIыхугъэкIэ жыпIэмэ, си адэ къуэшым ныбжьэгъу куэд иIащ. Ар ди хэгъуэгум щыщ къудейхэратэкъым, атIэ, Къэбэрдейми, Адыгэ Республикэми цIыхугъэр щикуэдт, нэхъыбэж къыкIэлъыкIуэт, и лэжьапIэм, и унагъуэм щыхьэщIэт. Дэнэ къыщамыцIыхуми, къызэрацIыхур и щыпкъагъэкIэт, адыгагъэ-цIыхугъэкIэт.

Дыхуэарэзыуэ дунейм тетащ Мухьэмэд. Езым куэд къимыгъэщIами, нобэр къыздэсым IэфIу ди гум илъщ. Дыхуейщ и фэеплъыр нэхъри дгъэщыпкъэну, щIэблэм ящымыгъупщэу, и лъэужь хъарзынэр дунейм къытенэну".

Ныбжьэгъум и псалъэ

"Сытым хуэдэу сыпхуезэшрэ..."

Сигу къокIыж япэ дыдэ Дэбагъуэ Мухьэмэдрэ сэрэ нэIуасэ дыщызэхуэхъуа зэманыр... Пщэдджыжь жей IэфIым сыхэту телефоным и макъым сыкъызэщегъэу. Хуэмхуэмурэ сыкъотэджри, зы гъэпсэхугъуэ махуэм сызымыгъэжейм сыхуэхъущIэу рэ телефоным сыбгъэдохьэ. ИкIи, сигу зыгуэр зэрыте мыхуэр къэзыгъэлъагъуэ си макъымкIэ «сынодаIуэ!» жызоIэ.

— Сэлам узох! Ар сэращ!

— Уалейкум... Ухэт уэ?

— А зиунагъуэрэ, сы къэпцIыхужкъэ?

— Уэлэхьи узмыщIэ...

— Дэбагъуэращ... Мухьэмэдщ. Зыгуэр къыбжиIэрэ си цIэ-унагъуэцIэм?

— КъызжимыIэу! Адыгэ газетым уриредактор нэхъыщхьэщ. Пэжкъэ?

— Ар дыдэщ.

— АтIэ, сыт зыгъэпсэху гъуэ махуэм пщэдджыжь нэмэзым сыкъэплъыхъуэн, укъызэпсэлъэн хуей щIэхъуар?

— Дыгъуасэ Уэхъутэ Абдулыхь и «Iэсят и мывэ» повесть цIыкIур щIэзджыкIащ...

— АтIэ, сыт...?

— Сыт зи унагъуэрэ, сытыр? Мыр пьесэ къызыхэпхыфыну тхыгъэ телъыджэщ!..

Мис, апхуэдэу нэIуасэ, ныбжьэгъу дызэхуэхъуауэ щытащ дунейм ехыжыхункIэ си ныбжьэгъуфIу щыта Дэбагъуэ Мухьэмэдрэ сэрэ. ТелефонкIэ дыщызэпсэлъам иужь, етIуанэ махуэм Мухьэмэдрэ сэрэ дызэхуэзащ. ИкIи, жысIэфынущ ди зэIущIэр илъэс куэдкIэ насыпкIэ гъэнщIауэ зэрекIуэкIар. СетIысылIэщ, повестыр щIэзджыкIри, шэч къытесхьэжакъым Уэхъутэ Абдулыхь и «Iэсят и мывэр» адыгэ театрым и утыкум щыгъэувын зэрыхуейм, пьесэ къызэрыгъэщIыпхъэм.

Ар Дэбагъуэмрэ сэрэ япэу зэдэдлэжьа лэжьыгъэ хъуащ. ИкIи, театрыр зи щIасэ цIыху щэ, мин бжыгъэм ди спектакль куэд я пащхьэ итлъхьэн тхузэфIэкIащ. БлэкIа зэманым соплъэкIыжри, къызгуроIуэ Мухьэмэд драматург нэсу, зи цIэр хьэрфышхуэкIэ птхын хуей, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа творческэ цIыхуу зэрыщытар. Гуауэщ апхуэдэ цIыху зэчиифIэхэр щIэх дунейм зэрехыжыр. Мухьэмэд узыфIэмыкIыжыну ныбжьэгъу щыпкъэт, си къуэш пэлъытт. АтIэ, а дызэрызэдэлэжьа илъэс бжыгъэм зэи дызэщыхьакъым, зым игу къеуэн псалъэ адрейм жриIакъым. Пэжщ, гуащIэу дызэдэуэнут къэдгъэщIа пьесэхэм теухуауэ. Шэчыншэу, Мухьэмэд лъэпкъ литературэм мыужьыхыжын вагъуэу къыхэнащ.

Театрыр пьесэм елэжьын щыщIидзэм деж, Мухьэмэд Iэмал имыIэу къэкIуэнут, репетицэ щащIкIэ еплъынут. Артистхэм я къыхэлъхьэныгъэхэмрэ еплъыкIэхэмрэ щIэдэIунут. Ролхэр зыгъэзащIэхэм е режиссёрым пьесэм хэлъ Iыхьэ гуэрым зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн хуейуэ къалъытамэ, абы щIэдэIунути, игъэтэрэзыжынут, щIэуэ зэрихъуэкIыжынут. Удэлэжьэну хуабжьу цIыху тынштт, гуапэт... Сыту гуауэ апхуэдэ цIыхум блэкIа зэманкIэ утепсэлъыхьыныр...

Ажал гущIэгъуншэм сIэщIихащ си ныбжьэгъуфI куэд. Абыхэм ящыщщ Мухьэмэди. ГъащIэр къызэтеувыIэ къым, цIыхур дунейм ехыжкIэ абы упызыщIэу щыта Iуданэри зэпычкъым. Ар щыхьэт тохъуэ дунейм ехыжахэр зэрытщымыгъупщэм, я фэеплъ нэхур ди гум зэрилъым. Мухьэмэд хуэдэу зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа, ди лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа цIыхушхуэхэр дыпсэухукIэ тщыгъупщэ хъунукъым. Апхуэдэхэр ди лъэпкъым и тхыдэм, и гъащIэм къыхэлыдыкI вагъуэщ. ЦIыху щыпкъэу, драматург лъэрыхьу, журналист къызэрымыкIуэу щыта Дэбагъуэ Мухьэмэд хэти IэфIу хущыткIэрэ и фэеплъыр цIыхугум гуапэу къинащ. Хэти пэжагъ хэлъу бгъэдэтынут. И Iэдакъэ къыщIэкIа дэтхэнэ тхыгъэри гъащIэр зэрыщыт дыдэм хуэдэу къэзыгъэлъагъуэт. Сытым хуэдэу сыпхуезэшрэ, сытым хуэдэу усхуримыкъурэ, Мухьэмэд...

АБДОКЪУЭ Маталио

Дэбагъуэр хэкулIт

Илъэс 18-м си ныбжьыр иту къэсцIыхуат Дэбагъуэ Мухьэмэд, япэу зэрыслъагъуэуи си псэм кIэрыпщIат икIи гунэс сщыхъупат...

Ар «Черкес пэж» газетым и лэжьакIуэт, зэкIужу, зи щхьэцыр пыгъэщхъуауэ, зи нэгур зэIуха щIалэфIыр шэрыуэу псалъэт, тIэкIуи гушыIэн фIэфIу щытт. Сэ ди хэгъуэгу лъэпкъ еджапIэинтернатым сыкъыщIэкIри, 1965 гъэм Къэзахъстаным и къалащхьэ Алмата къалэм дэт, Киров Сергей и цIэр зезыхьэ Къэрал университетым щыIэ журналистикэ факультетым сыщеджэну сыщIыхьащ.

Япэ илъэсыр къэзуха нэужь, мазэ ныкъуэкIэ газет гуэрым дыхуэлэжьэн хуейуэ дезыгъаджэхэм пщэрылъ къыщытхуащIым, мурад сщIащ ди деж сыкъэкIуэжу «Черкес пэж» газетым а зы мазэр щысхьыну. Апщыгъуэм ди хэгъуэгум къыщыдэкI лъэпкъ газет псори партым и Къэрэшей-Черкес обкомымрэ облисполкомымрэ я Унэм епхат. ИкIи ди адыгэ газетым и лэжьакIуэхэр Ленин уэрамым тет унэшхуэм и япэ къатым и ипщэ лъэныкъуэм щIэст. Апщыгъуэм газетым и редакторыр Шурдым Кушыкут икIи газетым и лэжьакIуэ пажэхэт Хьэнфэн Алим, Мамхэгъ Жыхьэбэн, Бахътыр Исмэхьил, Акъ Алий, Хьэгъундокъуэ Рэмэзан, Брат Хьэбас, Тхьэкъуахъуэ Мишэ, нэхъ щIалэщIэхэт Дэбагъуэ Мухьэмэд, Къантемыр Тыркубий, Шорэ Ахьмэд сымэ. Бахътыр Исмэхьил куэдрэ къызэпсалъэт, къызэчэнджэщт, сиущийт, итIанэ, зэгуэрми си гум ихужкъым, «накIуэ модэ, Исмэхьил уэрэ сэрэ къыдоджэ» жери, Дэбагъуэ Мухьэмэд Исмэхьил и пэшым дигъэкIуат. ДызэрыщIыхьэу: «Иджы тIуми зыфхузогъазэри, «фауна и флора» жыхуаIэхэр зищIысыр къызжывоIэ», жиIэри зиущэхужащ. Сэ Дэбагъуэм сеплът, зыри жызмыIэу. Мухьэмэд Исмэхьилым зыхуигъазэри: «Ар къыджезыIэн хуейр нобэ къэрал университетым щеджэ щIалэращ», — жиIащ. Бахътырыр куэдрэ мыгупсысэу — «Уэлэхьи, хэтми содэмэ» — жиIащ Исмэхьил. Арати: «Ди хэгъуэгум щыщыIэ IэщхэмрэIа ди лъахэм къыщыкI къэкIыгъэхэмрэщ дэ зи гугъу тщIын хуейр» щыжысIэм, ди нэхъыжь Iумахуэр абыхэм яхуэгъэзауэ къыдэпсэлъэн иублэри, гъэщIэгъуэн куэди къыджиIащ. АбыкIэ жысIэну сызыхуейр аращи, Дэбагъуэ Мухьэмэд тхьэмыщкIэм, а махуэр куэдрэ игу къигъэкIыжурэ зы псалъэ гуэрым дыхишэти, дызэдэуэршэрт. Апщыгъуэми, Жьакуащхьэрэ Жьакуэ къуэ кIуэцIхэмрэ яхуэгъэза и гупсысэхэмкIэ къыздэгуашэт икIи ахэр зыщIызигъашэт. Дэбагъуэ Мухьэмэд цIыху гъэсат, щыпкъэт, цIыху пэжт, икърар иIэт, акъылыфIэт. ЩIалэщIэу адыгэ газетым лэжьэн щиублэри, лъэкI къимыгъанэу тхэныр и гъащIэ хуэхъуати, къикIуэт имыIэу журналист лэжьыгъэфIым щехъулIащ. Мухьэмэд журналистикэм щилэжьам, щигуэщIам литературэ гъащIэ жыхуаIэм хишэжри, усэ тхынри, рассказхэри, повестхэри, уеблэмэ драматургие жыхуаIэри къигъэIэрыхуэжри, адыгэ театрым и гумрэ и псэмрэ хуигъэтIылъащ. Мухьэмэд журналистикэм щилэжьар, щищIар куэдыкIейщ. Хэт зи гум темыхуэр адыгэ хэгъуэгуищым къыщыдэкI газетищым я тхыгъэхэмрэ я гупсысэхэмрэ зэхуэгуапэу, зэщакIуэхэу дыщаущийкIэ, дыщагъасэкIэ, ди гупсысэр щрахужьэкIэ? Псори зыцIыхуу, зыми шэч къытезмыхьэхэми сащыщкъым. Ауэ ди ныбжьэгъу нэхъыжьыфIу диIа лIыфIыр адыгэхэм ди дунейм деж щыцIэрыIуэт, пщIэ щиIэт, зэтеубыдат, зэгуэрэми къитIэтIауэ жимыIэпхъэ жиIэу зэхэсхакъым. ИкIи сымылъагъуху сыхуезэшт. Дызэхуэза нэужьи, жесIэн гуэрхэри къыздэхъут. Ауэ шэч зыхэмылъыр аращи, пасэу и дунейм зихъуэжащ. И унагъуэр щIэхыIуэу зыхэхуа гуауэри шэчыгъуей яхуэхъуами, Тхьэшхуэм и лъэужьыр яхузэтриIыгъэу гъащIэм гу щаригъахуэ.

ЩАКIУЭ Мусэлы,
Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ
и журналист,
2021 гъэ

ГукъэкIыж IэфIхэщ

Лъэпкъ щэнхабзэм зи гуащIэшхуэ хэзылъхьа тхакIуэр ягу къыщагъэкIыжкIэ, зэрыхабзэщи, дэтхэнэ зыри къытоувыIэ абы и IэдакъэщIэкIхэм, ныбжьэгъу щыпкъэу, унафэщI псэемыблэжу, адыгагъэ хэлъу, цIыхугъэ - нэмыс щызу зэрыщытам, нэгъуэщI куэдым.

Дэбагъуэ Мухьэмэд, псэужамэ, нобэ илъэс 85-рэ ирикъунут. Абы ипкъ иту, ар куэдым гурылъ IэфIкIэ ягу къагъэкIыжынущ.

Сэ сигу къэзгъэкIыжыну сызыхуейр ди адэкъуэш лъапIэр лъэпкъым екIуу къызэрытхэта, ди Iуэху кIуэтэным, ди щIалэгъуалэм и пщэдейр зэпIэзэрыт хъуным псэемыблэжу зэрыпылъа, гурэ псэкIэ лъэпкъ Iуэхум зэрыхэлэжьыхьар.

Мухьэмэд куэдрэ къысхуигъэфащэт мыпхуэдэ псалъэхэр: «лъэпкъым удишхэпсщ»... Абы мыхьэнэшхуэ есттэкъым, къикIыр къызгурыIуэну апхуэдизу селIалIэтэкъым.

Арами, нобэ адэкъуэшыр сигу къыщызгъэкIыж махуэм, сеплъащ псалъалъэм икIи мыпхуэ мыхьэнэ къисхащ: «псори зэкIэрызышхэ».

ИкIи, илъэс 23-рэ текIыжами Мухьэмэд къызэрытхэмытыжрэ, нобэ тегъэчынауэ жызоIэ икIи къыздалъхуахэм псоми къыздащтэнщ: «Шхэпсу лъэпкъым диIар езы Мухьэмэдщ».

Ирехъу хьер, ирехъу нэщхъеягъуэ, гузэвэгъуэ, гуфIэгъуэ — япэ сыхьэтым щыщIэдзауэ, къетхьэжьа Iуэхур икIэм нэсыхун, адэкъуэшым псори зэригъэзахуэт.

Зэкъуэшийм я нэхъыщIэ дыдэу зэрыщытым ипкъ иткIэ, Мухьэмэд къуэш быным хуабжьу къытпыщIат. Зэпэмыжыжьэу дызэрыпсэум и фIыгъэкIэ, куэдрэ дызэкIэлъыIуэт, хуабжьу унагъуитIыр дызэпыщIат.

«Сэ сыбей дыдэщ: си къуэшхэмрэ си шыпхъу закъуэмрэ къатехъукIауэ фэхэр фызиIэщ», — куэдрэ жиIэт Мухьэмэд.

И IэдакъэщIэкIхэм, и IэнатIэм теухуауэ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр хэгъуэгухэм куэдрэ ирагъэблагъэт. Уеблэмэ сэри сыщыздишэ щыIэт.

Абы и фIыщIэкIэ, уэрэдус, уэрэджыIэ, и усэхэм макъамэ щIэзылъхьа, зыгъэзащIэ артист куэд нэIуасэ къысхуэхъуауэ щытащ. Уеблэмэ, ди хэгъуэгум къеблэгъа дэтхэнэ зыри Мухьэмэд и унагъуэм къедгъэблагъэт, адыгагъэ, цIыхугъэ якIэлъызетхьэт.

Мухьэмэд гушыIэшхуэ хэлът. Зы пычыгъуэ сигу къэзгъэкIыжынщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкъикIыжт Тубей Артур и пшыхьым дыхэтауэ. Шэшэн зауэр щекIуэкI зэмант. Жэщыр фIыуэ хэкIуэтат. ДыкъыздэкIуэжым мылицэм дыкъагъэувыIащ икIи къыджаIащ паспортхэр ядгъэлъагъуну. Абыи гу лъыстэнщи, Шэшэн зауэр къемыжьэ ипэкIэ зэи гъуэгум паспорт щыщIаплъыкIыу щытакъым.

Арати, зыми паспорт дымыIыгъыу къыщIэкIащ. Мухьэмэд машинэм икIауэ мэгузавэ, мылицэм щIыгъуу IукIа ди шофёрым щхьэкIэ хъуреягъыр къекIухь.

Мухьэмэд и щхьэгъусэ Аминат машинэм ищхьэр къригъэжри: "ДыщIэпхъэджащIэ дэ? Хэт паспорт къыздезыхьэкIыр!" къэгуоуащ.

Мухьэмэд машинэм къыIухьэри: "КхъыIэ, уи жьэр дахэкIэ убыд! Уи сурэт къудеймкIэ илъэситху къыуатыфынущ, апхуэдизу уфIыцIэщи!" жиIат. Сыт хуэдизрэ а къэхъугъэм дридыхьэшхыжат!

Апхуэдэ къэхъугъэ куэд Мухьэмэд ехьэлIауэ сигу къэзгъэкIыжыфынущ. Къызэдалъхуахэр дыщызэхыхьэкIэ, апхуэдэ гукъэкIыжхэм дызэщIаIэтэ, дропсалъэ Мухьэмэд IэфIу, гуапэу, дахэу къызэрытхэтам.

ЛIэныгъэ гуэрым дытепсэлъыхьыу, Мухьэмэд мыпхуэдэу жиIат: «ЦIыхур дунейм ехыжа нэужь, хабзэм тету, илъэскIэ ухуэщыгъуэу, сэдэкъэ хуэпщIу, итIанэ уи гукъэкIыжхэм хэмытыж нэхърэ, илъэс бжыгъэ текIа иужь, мы цIыхур дунейм дахэу тетащ, IэфIу дигу къинащ», — къыпхужаIэмэ, нэхъ къыхызох..

Мухьэмэд, ди адэкъуэш лъапIэ! Къыбдалъхуа псоми нобэр къыздэсым ди гум уилъщ, ди гукъэкIыжхэм ухэтщ, утщыгъупщэкъым.

Уи чэнджэщ, уи псалъэ пэж, уи унафэ къытхуэбгъэнахэм дытетщ икIи абы теухуауэ дощIэ уи псэр адрей дунем зэрытыншыр.

Тхьэм жэнэт къыуит, адэкъуэш лъапIэ.

БОРЭНЫКЪУЭ Зулетэ

Черкес хэку
@CHERKESHAKU
/vk.ru/cherkes_hakukchr
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ,
КировкIэ зэджэ утыку, № 23,
Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЧЫРБЫЖ (ГЪУКIЭКЪУЛ) Иринэ,
цифровой каналхэм я зыужьыныгъэмкIэ я редактор АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ТУАРШЫ Ирэ, БЕМЫРЗЭ Зураб, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Жантемыр Зураб.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2800-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
дежурнэ редактор
БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
корректор
МУССЭХЭ Зуридэ,
операторхэу
ЕМЗЭГЪ Даринэ,
ХЬЭБЭЧЫР Даринэ